



# Anseye nan Fason Sovè a

Objektif chak enstriktè levanjil—chak paran, chak enstriktè ki aple ofisyèlman, chak enstriktè ak enstriktis nan fwaye—se pou anseye doktrin pi levanjil la, pa Lespri, pou yo ka ede pitit Bondye yo bati lafwa nan Sovè a e vin plis menmjan avèk li.



# Ansenye nan Fason Sovè a

Pibliye pa  
Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo  
Salt Lake City, Utah

© 2016 by Intellectual Reserve, Inc.  
All rights reserved.  
Enprime nan Etazini Damerik

Apwobasyon anglè: 10/15  
Apwobasyon tradiksyon: 10/15  
Tradiksyon *Teaching in the Savior's Way*  
Haitian  
13301 036

## Kontni

---

Prefas .....	2
Reyinyon Konsèy Enstriktè yo .....	3
Entwodiksyon: Anseye nan Fason Sovè a .....	4
<b>Premye pati. "Renmen moun w ap anseye yo</b>	
Renmen moun w ap anseye yo .....	6
Konsantre sou moun yo, non pa sou leson yo .....	7
Lonje lamèn bay moun ki pa vini yo .....	8
<b>Dezyèm pati: Anseye pa Lespri</b>	
Anseye pa Lespri .....	10
Prepare tèt ou esprityèlman .....	12
Viv Levanjil Jezikri a .....	13
Kreye yon anviwonman ki envite Lespri .....	15
Pwofite moman sanzatann pou anseye yo .....	16
Fè yon plan .....	17
<b>Twazyèm pati. Anseye Doktrin nan</b>	
Anseye doktrin nan .....	20
Itilize mizik, istwa, ak èd vizyèl pou anseye doktrin nan .....	22
Reponn kesyon difisil yo ak lafwa .....	23
Anseye timoun yo .....	25
Anseye jèn yo .....	27
<b>Katriyèm pati: Envite aprantisaj dilijan</b>	
Envite aprantisaj dilijan .....	29
Poze kesyon ki enspire .....	31
Anime diskisyon ki enspire .....	33
Envite manm klas yo pou yo aji .....	35
Soutni aprantisaj levanjil la nan fwaye a .....	36
<b>Apendiks</b>	
Vin yon enstriktè nan fason Kris la: Yon evalyasyon pèsònèl .....	37
Fòmasyon nouvo enstriktè yo: Yon responsablite dirijan prètèriz ak oksilyè yo .....	38



## Prefas

Prensip yo dekri yo nan manyèl sa a kapab ede tout enstriktè levanjil anseye nan fason Sovè a. Manyèl sa a prepare espesyalman pou moun apèl yo nan Legliz la ba yo opòtinite pou anseye yo—sa vledi enstriktè nan Primè, nan Lekòldidimanch, Sosyete Sekou, Jènfi, ak kolèj Prètriz Aawon ak Prètriz Mèlkisedèk, osi byen ke dirijan prètriz yo ak dirijan oksilyè yo. Prensip yo dekri ladan yo kapab egalman ede paran yo, enstriktè yo,

ak dirijan oksilyè yo lè y ap anseye fanmi yo.

Enstriktè yo kapab etidye manyèl sa a pou tèt pa yo pou yo aprann kijan pou yo ka pi byen anseye nan fason Sovè a. Yo gen dwa itilize li pou anime diskisyon nan sware familyal, nan reyinyon prezidans, nan reyinyon konsèy pawas oswa pieu, ak nan reyinyon konsèy enstriktè chak mwa yo tou.

Yo dekri reyinyon konsèy enstriktè yo nan seksyon ki rele “Reyinyon

Konsèy Enstriktè yo.” Konsèy pawas la dwe sipèvize reyinyon sa yo, avèk asistans prezidans Lekòldidimanch la. Se yon manm prezidans Lekòldidimanch la ki abityèlman dirije reyinyon yo. Nou dwe itilize dokimantasyon ki nan manyèl sa a kòm dokimantasyon debaz pou reyinyon konsèy enstriktè yo.

*Nòt:* Nan manyèl sa a, referans sou pawas ak pieu yo aplike pou branch, distri, ak misyon tou.



## Reyinyon Konsèy Enstriktè yo

Chak pawas ta dwe fè reyinyon konsèy enstriktè chak mwa kote enstriktè yo kapab konseye ansanm sou prensip pou anseye nan fason Kris la yo.

### KILÈ YO TA DWE FÈ REYINYON SA YO?

Reyinyon konsèy enstriktè yo dwe nòmalman fèt pandan orè twazèdan reyinyon Dimanch yo.

■ Enstriktè Lekòldidimanch yo dwe reyini nan lè reyinyon kowòm prètriz, Sosyete Sekou, ak Jènfi yo.

■ Enstriktè kowòm Prètriz yo ak enstriktis Sosyete Sekou, ak Jènfi yo dwe reyini nan lè Lekòldidimanch la.

■ Enstriktè Primè yo dwe asiste nan youn nan reyinyon yo dekri la yo, selon direksyon Prezidant Primè a. (Nòt: Si se nesèsè, prezidans Primè a dwe deziyen enstriktè ranplasan, konbine klas yo, oubyen fè lòt aranjman pou pèmèt enstriktè Primè yo asiste nan reyinyon konsèy enstriktè yo.)

### KIMOUN KI DWE ASISTE?

Tout moun k ap anseye yon kowòm oswa yon klas nan pawas la dwe asiste, ansanm avèk omwen youn nan dirijan prètriz oswa oksilyè yo ki responsab enstriktè sa yo. Si nesèsè, patisipan yo dwe divize an de gwoup selon bezwen moun y ap anseye yo. Paregzanp, enstriktè jèn yo oswa timoun yo ka tire benefis nan reyini separeman pafwa pou diskite pwoblèm ki anrapò ak jèn yo oubyen timoun yo.

### KIMOUN KI DIRIJE REYINYON SA YO?

Konsèy pawas la, avèk kolaborasyon prezidans Lekòldidimanch la, dwe sipèvize reyinyon konsèy enstriktè yo. Nan pifò ka, yon manm prezidans Lekòldidimanch la jwe wòl dirijan diskisyon an pou reyinyon yo, yo gen

dwa deziyen lòt manm nan pawas la pou dirije reyinyon sa yo pafwa.

### KISA K DWE PASE NAN YON REYINYON KONSÈY ENSTRIKTÈ?

(Nòt: Enstriksyon sa a se pou moun k ap dirije diskisyon yo) Apre yon priyè douvèti, reyinyon konsèy enstriktè a dwe suiv modèl sa a:

■ *Pataje ak konseye ansanm.* Envite enstriktè yo pou pataje eksperyans ansèyman resan, poze kesyon ki anrapò ak ansèyman, ak pataje ide pou simonte difikilte yo. Pati sa a nan reyinyon an dwe sèvi kòm yon revizyon sou prensip yo te diskite nan reyinyon anvan yo.

■ *Aprann ansanm.* Envite enstriktè yo pou yo diskite sou youn oubyen plis nan ide yo ki nan manyèl sa a. Prensip yo dwe trete nan lòd, epi amwenske konsèy pawas la pran yon desizyon

diferan, moun yo k ap patisipe nan reyinyon an ka chwazi pwochen prensip yo vle diskite a. Li pa nesèsè pou kouvri chak aspè prensip la nan yon sèl reyinyon konsèy enstriktè—ou gen dwa pase plizyè reyinyon sou yon prensip si sa nesèsè.

■ *Pratike ak envite.* Si sa apwopriye, ede enstriktè yo fè pratik prensip yo te diskite a. Envite yo pou yo ekri nenpòt enpresyon yo resevwa sou fason pou aplike prensip la nan ansèyman yo epi aji selon sa—enkli nan efò yo pou anseye nan fwaye yo. Ankouraje yo pou yo kòmanse etidye pwochen prensip ki pou diskite a.

Otan sa posib, reyinyon konsèy enstriktè yo dwe rete egzanp prensip k ap diskite yo.





## Anseye nan Fason Sovè a

Lè w ap reflechi sou fason Sovè a anseye, kisa k vin nan lespri ou? Èske w ka wè li k ap anseye fowl moun yo bò lanmè a, k ap pale an prive avèk fi a bò pi a, oubyen k ap beni yon timoun piti? Lè w li apwopo li nan ekriti yo, kisa w remake sou fason li ede lòt moun aprann ak pwogrese? Kisa anseye nan fason Sovè a vle di pou ou?

### FASON SOVÈ A ANSEYE

Jezikri te deklare: “Mwen se chemen an” (Jan 14:6). Lè ou medite sou lavi li ak sou pwòp opòtinite w genyen pou anseye yo, w ap dekouvri ke fason pou w vin yon enstriktè efikas la se vin plis tankou Sovè a. Fason Sovè a te anseye a te soti nan kalite moun li te ye a ak “pouvwa Lespri a” ki te mache avèk li (Lik 4:14). Kle pou w anseye nan fason Sovè a te anseye a se viv fason Sovè a te viv la.

E ki fason li te viv?

Sovè a te ranpli ak lanmou. Kesewal t ap ankouraje yon pechè ki repanti, oubyen fòmè disip li yo, oubyen reprimande Farizyen yo, tout sa Sovè a te fè sete yon ekspresyon lanmou. Lanmou ak konpasyon sa a pou moun yo ak pou bezwen yo te pòte l anseye nan fason ki te touche yo. Lè Sovè a t ap anseye, eksperyans familye lavi kotidyèn yo tankou peche pwason, akouchman, ak elve mouton te vin tounen leson espiyèl.

Sovè a te chèche konn volonte Papa li epi l te obeyi li epi li te anseye doktrin Papa li. Depi nan anfans li, Jezi t ap

“okipe travay Papa [Li],” nan chèche toujou “chèche fè sa ki fè l plezi.” Li te di, “Doktrin nan se pa doktrin pa m,” “men se doktrin moun ki voye m nan” (Lik 2:49; Jan 8:29; 7:16).

Sovè a te totalman angaje nan misyon sakre l la—pou mennen pitit Bondye yo retounen al jwenn ni. Konsa Jezi te fè plis pase jis transmèt enfòmasyon; Li te bay disip li yo responsablite enpòtan ki te fòtifeye lafwa yo epi ki te ede yo pwogrese. Li te gen konfyans nan yo, li te prepare yo, epi li te voye yo nan tout mond lan pou yo t al anseye, beni, ak sèvi lòt moun (gade Matye 10:1, 5–8).

Sovè a te renmen ekriti yo epi li te itilize yo pou anseye ak pou temwaye konsènan misyon l la. Li te anseye moun yo pou yo sonde ekriti yo pou yo ka jwenn pwòp repons pa yo pou kesyon yo. Paske li te anseye pawòl Bondye a avèk puisans, moun yo te vin resevwa yon temwayaj ke ekriti yo te vrè (gade Lik 24:32).

Sovè a te viv sa l t ap anseye yo. Nan tout sikonstans, li sete egzant pafè a. Li te anseye disip li yo pou yo priye

nan priye avèk yo (gade Lik 11:1–4). Li te anseye yo pou yo renmen ak sèvi nan fason li te renmen yo ak sèvi yo. Li te anseye yo kijan pou yo te viv levanjil li a nan fason li te viv. Li te toujou ap anseye—souvan nan kote ofisyèl men souvan lakay yo ak nan konvèsasyon pèsònèl ki pa t ofisyèl tou (gade Matye 4:23; Mak 4:3–9).

Gen anpil lòt bagay toujou pou w dekouvri sou fason Sovè a anseye. Men sa nou sèten sèke: pouvwa pou vrèman anseye nan fason l la ap vini pandan w ap aprann konnen li ak suiv li. Envitasyon pou anseye nan fason Sovè a se vrèman yon pati kle nan envitasyon li pou “vini, suiv mwen” an (Lik 18:22).

### OU KA ANSEYE NAN FASON SOVÈ A

Ou se yon disip Jezikri. Sa vledi ke w se yon enstriktè, paske pou yon moun disip sa, enkli anseye, beni, ak edifye lòt. Sa ka rive ke, pou yon tan, yo ba ou yon apèl ofisyèl pou anseye, men responsablite pou anseye a ap toujou rete responsablite w, espesyalman si w se yon paran. Pafwa responsablite pou

### EGZANT VIDEYO

Gade videyo “Anseye Levanjil la nan fason Sovè a” (LDS.org).







anseye a ka sanble l depasan. Petèt ou enkyete dèske w pa konnen ase, dèske w pa gen ase eksperyans ansèyman, oubyen dèske ou senpleman pa gen "pwofil enstriktè." Men Papa nou ki nan Syèl la, ki konnen ou pafètman, aple ou pou w anseye akoz sa ou ka ofri kòm yon disip devwe Jezikri. Li pap abandone ou.

Men kèk nan anpil sous pouvwa ak sipò li mete aladispozisyon ou pou ede w anseye nan fason pa li.

*Pouvwa Sentespri a.* Si w eseye viv levanjil la diyman, Sentespri a ap revele volonte Bondye pou ou. L ap ba ou panse, enpresyon, ak ide kreyatif sou fason pou w ede lòt moun aprann. L ap ede w konnen sou ki prensip levanjil ou dwe konsantre. Epi l ap touche kè moun w ap anseye yo e enspire yo pou yo chanje. Sentespri a ap rann posib pou w vin "yon enstriktè ki sot nan Bondye," paske Lespri a se vrè enstriktè a, epi lè Lespri a avèk ou, w ap anseye avèk pouvwa Bondye epi w ap ede reyalize mirak konvèsyon an (Jan 3:2; gade 2 Nephi 33:1 tou).

*Pwomès apèl ou a ak mizapa w la.* Apèl ou pou anseye a soti nan men Senyè a, pa nan men lèzòm, epi, jan Prezidan Thomas S. Monson pwomèt la, "Senyè a kalifye moun li aple yo."<sup>1</sup> Anplis, ou te resevwa mizapa nan men moun ki detni kle prèttriz yo, konsa, ou gen dwa pou w resevwa revelasyon ou bezwen pou reyisi a. Benediksyon sa yo se benediksyon pa ou si ou chèche yo, si w rete fidèl, epi w eseye viv diy.

*Pouvwa lapriyè.* Papa nou ki nan Syèl la toujou disponib. Ou ka pale avèk li dirèkteman atravè lapriyè. Sovè a te di: "Mande Papa a nan non mwenn," "epi n ap resevwa Lespri a" (D&A 18:18; gade D&C 42:14 tou).

*Lanmou ou, talan ou, ak eksperyans ou.* Ou ka fè byen pou pitit Bondye yo si w tire pwofi nan lanmou w genyen pou lòt moun yo, don Bondye ba ou yo, ak eksperyans lavi ou. Si w sèvi fidèlman epi w chèche èd Bondye, l ap mayifye ou, epi kapasite w pou anseye levanjil la nan fason Sovè a ap grandi.

*Pouvwa pawòl Bondye a.* Doktrin nou jwenn nan ekriti yo ak nan pawòl pwofèt dènye jou yo gen pouvwa

pou chanje kè moun ak pou fè lafwa grandi. Amezi ou menm ak moun w ap anseye yo ap "eseye predikasyon pawòl Bondye a," w ap vin wè ke li gen "yon gwo tandans pou mennen pèp la fè sa [ki] jis" (Alma 31:5).

*Dirijan ki eman.* Dirijan prèttriz ak dirijan oksilyè w yo vle ede w reyisi. Mande konsèy yo pandan w ap fè èfò pou amelyore w antanke enstriktè a e pandan w ap medite sou bezwen moun w ap anseye yo.

*Kontribisyon moun w ap anseye yo.* Chak moun nan klas ou a se yon sous temwayaj, ide, ak eksperyans abondan nan viv levanjil la. Envite yo pou youn pataje avèk lòt ak pou youn edifye lòt.

Sonje, Bondye aple ou, e l ap kalifye ou. Anseye levanjil la se yon pati esansyèl nan gwo travay sali a, epi "lè n ap okipe zafè Senyè a, nou gen dwa ak èd Senyè a."<sup>2</sup>

1. Thomas S. Monson, "Duty Calls," *Ensign*, Me 1996, 44.

2. Thomas S. Monson, "To Learn, to Do, to Be," *Ensign* oswa *Liahona*, Nov. 2008, 62.

## POU MOUN K AP DIRIJE DISKISYON AN

### **Pataje ak konseye ansanm.**

Kòmanse pa mande enstriktè yo pou yo pataje kèk eksperyans ansèyman epi poze kesyon ki anrapò avèk ansenye.

**Aprann ansanm.** Envite enstriktè yo pou yo diskite sou youn oubyen plis

nan ide yo ki nan seksyon sa a. Pa eseye kouvri tout bagay nan yon sèl reyinyon.

**Pratike.** Envite enstriktè yo pou yo ranpli evalyasyon ki rele "Vin yon enstriktè nan fason Kris la" ki nan manyèl sa a.

**Prepare.** Deside ansanm sou yon sijè pou pwochen reyinyon an, epi mande enstriktè yo pou prepare yo.

## Renmen moun w ap anseye yo

(Manyèl 2: Administrasyon Legliz la [2010], 5.5.4)

Tout sa Sovè a te fè pandan ministè terès li yo te motive pa lanmou—lanmou li pou Papa li ak lanmou li pou nou tout. Pa pouvwa Sentespri a, nou kapab vin ranpli avèk menm amou sa a si nou fè efò pou nou vin vrè disip Kris la (gade Jan 13:34–35; Mowoni 7:48; 8:26). Avèk lanmou kretyen nan kè nou, nou pral chèche tout mwayen posib pou nou ede lòt moun konnen kiyès Kris la ye ak kijan pou yo vin jwenn ni. Lanmou ap vin rezon ak motivasyon ansèyman nou.

### PRIYE POU CHAK MOUN W AP ANSEYE YO

Sovè a te di Pyè, “Mwen lapriyè pou ou”, “pou lafwa ou pa febli” (Lik 22:32). Panse a sa k ap pase andedan ou lè w priye pou yon moun—nan ki fason priyè w la afekte santiman ou genyen pou moun sa a? Pandan w ap suiv egzanp Sovè a, priye endividyèlman pou chak moun w ap anseye yo, sa ki gen pi gwo bezwen yo. Priye pou w ka konnen ak konprann bezwen espesifik yo, epi mande Pè Selès la pou l “prepare kè yo” (Alma 16:16) pou yo ka aprann bagay ki pral ede yo reponn bezwen sa yo.

**Kesyon pou medite.** Lè m ap priye pou moun m ap anseye yo, ki enpresyon mwen resevwa?

**Egzanp nan ekriti yo.** Kisa priyè Alma a pou Zoramit yo anseye m sou renmen pwochen mwen? (gade Alma 31:24–36).

### WÈ Lòt MOUN YO JAN BONDYE WÈ YO A

Paske Bondye gade sou kè yon moun, sa l wè yo kapab diferan avèk sa nou menm nou wè sou deyò a (gade

1 Samyèl 16:7). Si ou efòse w pou w wè moun w ap anseye yo jan Bondye wè yo a, w ap vin rekonèt valè divin yo, epi Lespri a ap anseye ou sa ou dwe fè pou ede yo atenn potansyèl yo.

**Kesyon pou medite.** Nan ki fason lanmou ak konfyans yon paran, yon enstriktè, oswa yon lòt responsab te fè yon diferans nan lavi mwen? Nan ki fason lanmou mwen kapab fè yon diferans pou yon moun m ap eseye anseye?

**Egzanp nan ekriti yo.** Nan Lik 19:1–10, Sovè a te wè Zache, piblikan an, yon lòt fason pase jan lòt moun yo te wè li. Ki lòt egzanp nan ekriti yo ki montre fason Bondye wè nou?

### CHÈCHE FASON SENP AK APWOPRIYE POU EKSPRIME LANMOU OU

Selon sikonstans ou, ou gen dwa ekspriye lanmou pou moun w ap anseye yo nan fè yo konpliman ki sensè, nan enterese nan lavi yo, nan koute yo avèk atansyon, nan fè yo patisipe nan leson an, nan rann yo sèvis, oubyen senpleman nan salye yo avèk chalè lè w wè yo. Fason ou trete moun yo osi enpòtan ke sa w ap anseye yo a.

Pafwa nou sitèlman sousye pou nou byen prezante leson an ke sa anpeche nou ekspriye lanmou nou pou moun n ap anseye yo. Si sa rive ou, reflechi sou ki fason ou ta ka konsantre w sou sa ki pi enpòtan yo. Paregzanp, anvan klas la, ou gen dwa mande yon manm klas la oubyen yon manm nan prezidans oksilyè w la pou l prepare sal la ak ekipman odyovizyèl yo pou ou, pou w ka gen plis tan pou salye manm klas yo lè y ap antre nan klas la. Ou gen dwa reyalize tou ke travay avèk manm klas ou yo pou prepare sal la se yon mwayen ekselan pou fè yon tipale avèk yo anvan klas la kòmanse.

**Kesyon pou medite.** Èske moun m ap anseye yo konnen ke m renmen yo? Ki prèv m ba yo? Kisa m ka fè pou montre lanmou mwen pou yon moun ki sanble l pa enterese nan klas la?

**Egzanp nan ekriti yo** Nan ki fason Sovè a te montre lanmou pou moun Li te anseye yo? (gade Jan 13:3–16; 3 Nefi 17). Kijan m ka suiv egzanp li lè m ap anseye?

📺 Gade videyo “Renmen moun w ap anseye yo” tou nan (LDS.org).

## POU MOUN K AP DIRIJE DISKISYON AN

### **Pataje ak konseye ansanm.**

Kòmanse pa mande enstriktè yo pou yo pataje kèk eksperyans ansèyman ki resan epi poze kesyon ki anrapò avèk ansèyman.

**Aprann ansanm.** Envite enstriktè yo pou yo diskite sou youn oubyen plis nan ide yo ki nan seksyon sa a.

**Envite.** Mande enstriktè yo pou yo medite sou sa yo te santi yo pouse pou yo te fè gras ak diskisyon sou sijè renmen moun y ap anseye yo. Petèt non yon moun ki bezwen santi ke yo renmen li te vin nan tèt

yo—yon manm fanmi, yon zanmi, oswa yon manm klas la. Kijan yo pral fè pou yo suiv enspirasyon sa a?

**Prepare.** Deside ansanm sou yon sijè pou pwochen reyinyon an, epi envite enstriktè yo pou prepare tèt yo.

## Konsantre sou moun yo, non pa sou leson yo

Èldè Dallin H. Oaks nan Kolèj Douz Apot yo te di, “Tankou Mèt la n ap sèvi a, yon enstriktè levanjil dwe konsantre l totalman sou moun l ap anseye yo.” “Li dwe konsantre l totalman sou bezwen brebi yo—sou byen elèv nan klas li yo. Yon enstriktè levanjil pa dwe konsantre l sou tèt pa li. Yon moun ki konprann prensip sa a pa pral konsidere ke apèl li se jis ‘bay oubyen prezante yon leson,’ paske definisyon sa a konsidere ansèyman an parapò ak enstriktè a, e non parapò ak elèv la. Si l konsantre l sou bezwen elèv yo, enstriktè levanjil la p ap janm bouche vizyon yo sou Mèt la nan mete obstak oubyen bese valè leson an avèk konsiderasyon pèsònèl oswa pou mete tèt li an valè.”<sup>1</sup>

### CHÈCHE KONPRANN MOUN W AP ANSEYE YO

Levanjil la se pou tout moun, men pa gen de moun ki egzaktman idantik. Chèche konprann pase, enterè, talan, ak bezwen moun w ap anseye yo. Poze kesyon, koute avèk atansyon, epi obsève sa moun k ap aprann yo ap di ak fè nan diferan sitiyasyon. Si w ap anseye jèn moun oswa timoun, mande paran yo ide. Anvan tout bagay, priye pou w ka jwenn konpreyansyon ke sèl Lespri a kapab bay la. Plis ou konprann moun w ap anseye yo, se plis w ap kapab ede yo wè kijan levanjil la aplike nan lavi pèsònèl yo.

**Kesyon pou medite.** Kiyès m dwe konprann pi byen nan pami moun m ap anseye yo? Kisa m ka fè pou m ka pi byen konprann ni?

**Egzanp nan ekriti yo.** Kisa Jan 21:1–17 anseye sou fason Sovè a te konprann Pyè ak sou fason l te anseye li sa l te bezwen konnen yo?

📺 Gade videyo “Konnen tèt nou ak renmen tèt nou” an (LDS.org).

### PREPARE AVÈK MOUN W AP ANSEYE YO NAN LESPRI OU

Pafwa, lè y ap prepare yo pou anseye, enstriktè yo gen dwa anvii itilize yon leson oubyen yon aktivite yo te deja itilize nan levas, san yo pa reflechi sou kijan li aplike pou gwoup moun y ap anseye aktyèlman yo. Souvan, metòd sa a pa konsidere bezwen endividyèl chak manm klas yo. Lè w ap prepare w, kite konpreyansyon ou sou moun w ap anseye yo gide plan ou. Pou w touche elèv diferan sa yo, ou gen dwa santi pou w itilize mizik, pou w bay yon tach alavans, oubyen pataje yon analoji sou yon bagay ki entere yon manm klas la, tankou espò. Enstriktè k ap anseye nan fason Kris la pa rete atache avèk yon estil oubyen yon metòd patikilye; yo pran angajman pou ede moun bati lafwa nan Jezikri e vin plis sanble avèk li.

**Kesyon pou medite.** Kijan m ka chanje plan ansèyman m yo pou fè yo reponn ak bezwen patikilye yon moun ki nan klas mwen an?

**Egzanp nan ekriti yo.** Ki fason metòd ansèyman Sovè a te reponn bezwen

patikilye moun li t ap anseye yo? (gade, parezanp, Mak 10:17–22).

### PA ESEYE KOUVRI TOUT SIJÈ A

Gen anpil bagay pou diskite nan chak leson, men li pa nesèsè pou w kouvri tout bagay nan sèl peryòd klas la pou w touche kè yon moun—souvan youn oubyen de pwèn kle sifi. Si w medite sou bezwen moun k ap aprann yo, Lespri a ap ede ou idantifye ki prensip, ki istwa, oswa ki ekriti ki ap espesyalman siyifikan pou yo. Li gen dwa enspire w pou w modifiye plan w yo pandan klas la tou, kote w ap kite kèk pwèn pou yon lòt fwa pou w ka diskite sou prensip ki pi enpòtan pou manm klas yo nan moman an.

**Kesyon pou medite.** Kijan m ka montre moun m ap anseye yo ke m plis entere nan sa y ap aprann pase m entere nan fini leson an?

**Egzanp nan ekriti yo.** Kisa m aprann sou anseye nan modèl yo dekri nan Doktrin ak Alyans 98:11–12 la? (gade tou D&A 78:17–19).

1. Dallin H. Oaks, “Gospel Teaching,” *Ensign*, Nov. 1999, 79.

## POU MOUN K AP DIRIJE DISKISYON AN

### **Pataje ak konseye ansanm.**

Kòmanse pa mande enstriktè yo pou yo pataje kèk eksperyans ansèyman epi poze kesyon ki anrapò avèk ansenye. Asire w ke tout moun ki vle pale yo jwenn opòtinite pou yo fè sa; sa pi enpòtan pase kouvri tout matyè ki nan chak leson yo.

**Aprann ansanm.** Envite enstriktè yo pou yo diskite sou youn oubyen plis nan ide yo ki nan seksyon sa a.

**Pratike.** Mande yon enstriktè pou l vin devan klas la. Envite lòt yo pou yo poze kesyon ki ap ede yo dekouvri sant enterè ak talan moun sa a. Aprea diskite avèk enstriktè yo sou

fason enfòmasyon sa a ka enfluyans fason yo t ap anseye moun sa a ki kanpe devan klas la. Mande yo kijan yo ka aplike egzèsis sa a nan preparasyon yo ak nan ansèyman yo.

**Prepare.** Deside ansanm sou yon sijè pou pwochen reyinyon an, epi mande enstriktè yo pou prepare yo.

## Lonje lamèn bay moun ki pa vini yo

Byenke Sovè a te souvan pale ak foul moun, li te pwofondeman enterese nan chak moun endividyèlman—espesyalman sa yo te bliye, neglije, rejte, oswa mal konprann yo. Menmjan bèje ki nan parabòl Sovè a te kite katrevendiznèf brebi ki te an sekirite yo nan twoupo a pou l t al chèche yon grenn nan (gade Lik 15:4), ou ka lonje lamèn bay moun ki absan nan klas ou yo. Opòtinite pou anseye ak edifye manm klas yo epi ede yo vin jwenn Kris la ale odela sal klas la e odela moun ki prezan nan leson w yo.

### PRAN RESPONSABLITE

Lonje lamèn bay moun ki inaktif yo se pa sèlman devwa yon enstriktè nan fwaye, yon enstriktis nan fwaye, oswa yon dirijan prètriz oubyen oksilyè—enstriktè yo kapab ede nan travay sa a tou. Anseye se plis pase prezante yon leson nan jou Dimanch. Li enplike sèvi avèk lanmou epi ede lòt moun yo resevwa benediksyon levanjil yo, epi èd sa a se souvan egzakteman sa yon manm inaktif kapab bezwen. Nou tout bezwen travay ansanm pou lonje lamèn bay moun k ap lite yo, epi antanke enstriktè, ou gen dwa nan yon pozisyon privejye pou w ede.

Prezidan David O. McKay te rakonte istwa yon bato plen jènjan ki t ap glise desann sou yon rivyè pou al nan yon kaskad danjere. Yon mesye ki te kanpe bò rivaj la te remake sityasyon danjere a epi li te rele byen fò pou l te di jènjan yo pou yo te vire fè demitou, men yo pa t ka wè kaskad la epi yo pa t okipe mesye a. Mesye a te rele byen fò ankò pou l te avèti yo, men yo te toujou pa t okipe li epi yo te ri l. Men, byenvit yo te twouve yo nan mitan kouran dlo yo. Ak dezespwa yo te eseye vire bato a pou fè demi tou men

li te twò ta. Prezidan McKay te anseye: “Kanpe sou bò rivaj la pou rele: ‘Jènjan, koute! Gen danje pi devan an!’ se youn. Men rame sou rivyè a epi, si posib, antre nan bato a avèk jènjan yo, epi pa mwayen kamaradri, pèsyade yo pou yo, . . . detounen bato a de kouran dlo yo se yon lòt bagay. . . . Annou antre nan lavi yo.”<sup>1</sup>

**Kesyon pou medite.** Kiyès pami moun m ap anseye yo ki sanble l ap lite oubyen ki pa vini nan klas la? Kisa m ka fè pou lonje lamèn ba li? Ki fason lòt manm yo nan klas la kapab ede?

**Egzanp nan ekriti yo.** Lè m li sou fason Sovè a te lonje lamèn bay moun (gade, paregzanp Lik 8:43–48; Jan 4:6–30), kisa Lespri a anseye m sou fason m ka lonje lamèn bay moun m ap anseye yo?

### CHÈCHE ENSPIRASYON

Lè w ap chèche enspirasyon sou bezwen chak elèv ki nan klas ou yo, sonje moun k ap lite yo oubyen ki pa vini regilyèman yo (dirijan w yo kapab ede ou konnen kimoun ki bezwen plis atansyon). Yon moun gen dwa sispann vini nan Legliz la pou plizyè kalite rezon diferan—anpil nan yo difisil pou detekte. Men Pè Selès la

konnen pitit li yo epi li renmen yo, epi si ou fè pati pa w la, l ap ede w konnen ki pi bon fason pou lonje lamèn bay manm klas ou yo ki gen difikilte avèk levanjil la ak kijan pou w envite yo retounen.

**Kesyon pou medite.** Èske m konn non tout moun mwen gen tach pou anseye yo? Èske m priye pou moun k ap lite yo? Kijan m ka pi byen konnen bezwen yo?

**Egzanp nan ekriti yo.** Kisa m aprann nan Jan 10:14–15, 27–29 sou fason Sovè a santi l osijè moun m ap anseye yo?

### SOUTNI FANMI YO

Moun ki gen plis enfluyans sou yon lòt moun—pou byen oswa pou mal—se souvan moun ki andedan fwaye li. Paske fwaye a se sant pou viv ak aprann levanjil la, efò ou pou fòtifeye yon manm klas la ap vin pi efikas lè ou travay ansanm avèk yon konjwen, timoun, oswa manm fanmi elaji ki dispoze pou ede. Paregzanp, lè w ap eseye ede yon jèn moun oswa yon timoun, pale avèk paran li; yo ka ede w konprann bezwen pitit yo a ak fason pou reponn ak bezwen sa yo.

**Kesyon pou medite.** Kisa m ka fè pou soutni efò fanmi moun m ap anseye yo?

## POU MOUN K AP DIRIJE DISKISYON AN

### **Pataje ak konseye ansanm.**

Kòmanse pa mande enstriktè yo pou yo pataje kèk eksperyans ansèyman epi poze kesyon ki anrapò avèk anseye.

**Aprann ansanm.** Envite enstriktè yo pou yo diskite sou youn oubyen plis

nan ide yo ki nan seksyon sa a. Pa eseye kouvri tout bagay nan yon sèl reyinyon.

**Pratike.** Envite enstriktè yo pou youn pataje kèk ide ak lòt (an ti

gwoup oubyen yo tout ansanm) sou fason yo te lonje lamèn bay moun ki pa t asiste nan klas yo.

**Prepare.** Deside ansanm sou yon sijè pou pwochen reyinyon an, epi mande enstriktè yo pou prepare yo.



**Egzanp nan ekriti yo.** Kisa m aprann nan Enòs 1:1–3; Mozya 27:14; ak Alma 36:17 sou fason manm fidèl nan fanmi yo kapab ede moun k ap lite yo?

### ENVITE AVÈK LANMOU

Ekspresyon lanmou sensè yo gen gwo pouvwa pou adousi kè manm nan klas ou k ap lite avèk levanjil la. Souvan, moun sa yo senpleman bezwen konnen ke yo itil epi yo renmen yo. Jan Prezidan Thomas S. Monson te anseye, “Mande yo pou yo sèvi nan yon pozisyon kèlkonk se kapab motivasyon yo bezwen pou retounen vin totalman aktif la.”<sup>2</sup> Sa gen dwa osi senp ke mande yo pou yo patisipe nan yon pwochen leson—pou pataje yon eksperyans oswa sa yo santi apwopo yon ekriti. Ou gen dwa mande lòt manm yo nan klas la pou yo montre ke yo sousye pou moun sa yo nan vizite yo, nan envite yo nan klas, oubyen menm ba yo transpòtasyon si sa nesèsè.


**Kesyon pou medite.** Kijan m te fòtifye esprityèlman pa yon envitasyon pou sèvi lòt moun? Kijan m ka ede yon manm klas mwen an pwogrese esprityèlman nan mande l pou l rann sèvis nan yon fason kèlkonk?

**Egzanp nan ekriti yo.** Ki fason yon envitasyon pou sèvi te ede chanje angajman Amilèk konsènan levanjil la? (gade Alma 10:1–11).

### SE POU W GEN PASYANS AK PÈSEVERANS

Bèje ki nan parabòl Sovè a te kontinye chèche brebi pèdi a “jiskaskè l te [jwenn] ni” (Lik 15:4). Se pa tout moun k ap imedyatman reponn ak efò w yo. Men Sovè a egzòte ou pou w pa janm lage sa: “Nou dwe kontinye ede moun konsa; paske nou pa konnen si yo p ap retounen . . . , e m ap geri yo” (3 Nefi 18:32). Pandan w ap mete konfyans ou nan orè Senyè a gen pou yo a, kontinye chèche ki fason ki apwopriye pou montre moun ki pa vini yo ke w renmen yo epi ou sonje yo. Ou gen dwa itilize vizit pèsònèl, apèl telefòn, voye mesaj, oubyen nan lòt fason. W ap etone pou wè enflyans alontèm efò pasyans ou ak pèsistans ou pou lonje lamèn avèk lanmou an genyen.

**Kesyon pou medite.** Kijan Sovè a te montre pasyans avèk feblès mwen ak difikilte m yo? Kijan m ka suiv egzanp li avèk moun m ap anseye yo?



**Egzanp nan ekriti yo.** Kisa m aprann sou pasyans ak pèsèverans nan Lik 15:8–10; Alma 37:7–8; ak Doktrin ak Alyans 64:33?

1. David O. McKay, nan Conference Report, Okt. 1968, 7–8.
2. Thomas S. Monson, “See Others as They May Become,” *Ensign* oswa *Liahona*, Nov. 2012, 68.

### EGZANP VIDEYO

Pou w ka jwenn yon egzanp enspiran sou yon dirijan ki te lonje lamèn bay yon jenòm ki p at asiste nan reyinyon kolèj li yo, gade istwa José de Souza Marques la nan premye minit videyo a ki soti nan diskou Èldè Mervyn B. Arnold te fè nan konferans jeneral la “Strengthen Thy Brethren” (LDS.org). (Gade tou “Strengthen Thy Brethren,” *Ensign* oswa *Liahona*, Me 2004, 46–48.)



## Anseye pa Lespri

(Manyèl 2: Administrasyon Legliz la [2010], 5.5.4)

Sovè a te pwomèt disip li yo, “Sentespri a . . . va anseye nou tout bagay, epi la fè nou sonje tout sa m te di nou” (Jan 14:26). Se sèlman pa lentèmedyè Sentespri a nou ka atenn objektif final ansèyman levanjil la—bati lafwa nan Jezikri epi ede lòt moun vin pi plis menmjan avèk li. Sentespri a rann temwayaj konsènan laverite, li temwaye konsènan Kris la, epi li chanje kè moun. Okenn enstriktè terès, kèlkeswa konpetans li oubyen eksperyans li, pa ka ranplase Lespri a. Men nou ka vin enstriman nan men Bondye pou ede pitit li yo aprann pa Lespri. Pou nou fè sa, nou dwe envite enfliyans Lespri a nan lavi nou epi ankouraje moun n ap anseye yo pou yo fè menm bagay la tou.

### ENVITE LESPRI A NAN ANSÈYMAN OU

Objektif final tout sa yon enstriktè levanjil ap fè—chak kesyon, chak ekriti, chak aktivite—se pou envite Lespri a pou bati lafwa ak envite tout moun vin jwenn Kris la. Fè tout sa ou kapab pou envite enfliyans Sentespri a. Senyè a pwomèt, “N ap resevwa Lespri a avèk priyè ki fèt avèk lafwa” (D&A 42:14). Epitou, mizik sakre, ekriti yo, pawòl pwofèt yo, ekspresyon lanmou ak temwayaj, ak moman refleksyon silansye yo kapab envite prezans Lespri a. Paregzanp, ou gen dwa prevwa yon mizik prelid k ap jwe tou ba nan kòmansman klas la.

**Kesyon pou medite.** Kisa ki mennen Lespri a nan lavi mwen? nan fwaye mwen? nan klas mwen? Kisa ki chase li? Ki fason m ka ede manm klas yo pou yo envite Lespri a nan aprantisaj levanjil yo a?

**Egzanp nan ekriti yo.** Kisa m aprann osijè Sentespri a nan Jan 14:26; Elaman 5:29–30; ak Doktrin ak Alyans 11:12–13? Ki fason prensip sa a ka ede m anseye pi plis nan fason Sovè a?

### SE POU OU YON ENSTRIMAN ENB NAN MEN LESPRI A

Pafwa enstriktè yo gen dwa tante pou yo panse ke se konesans yo oswa metòd yo oswa pèsonalite yo ki enspire moun y ap anseye yo. Atitud sa a anpeche yo envite Sentespri a pou anseye manm klas yo ak pou chanje kè yo. Objektif ou antanke enstriktè se pa pou fè yon prezantasyon enpresyon nan men se pou ede lòt moun santi enfliyans Sentespri a, ki se veritab enstriktè a.

**Kesyon pou medite.** Ki chanjman mwen ta dwe fè pou m ka pi plis gen Sentespri a avèk mwen lè m ap anseye? (Gade, paregzanp, D&A 112:10). Pou yon egzèsis evalyasyon pèsònèl, gade “Vin yon enstriktè nan fason Kris la” nan manyèl sa a.

**Egzanp nan ekriti yo.** Kisa Lespri a aprann mwen lè m ap li kijan Alma ak pitit gason Mozya yo te vin tounen “enstriman nan men Bondye”? (Mozya 27:32–37; Alma 17:1–12; 26; 29).

### SE POU OU FLEKSIB

Souvan pi bon moman pou ansèyman yo prezante sanzatan—pareganp, lè yon moun pataje yon eksperyans

oubyen poze yon kesyon ki mennen nan yon diskisyon siyifikan. Se pou ou prevwa tan pou moman sa yo. Koute enspirasyon yo—lè w ap planifye ak lè w ap anseye—epi dispoze pou w chanje sa w te planifye yo si nesèsè pou w ka suiv enspirasyon ou resevwa yo. Si ou prepare espiyèlman, Senyè a ka ba ou “nan moman an menm, kisa pou w di” (D&A 100:6). Sonje ke li pi enpòtan pou w suiv enspirasyon Lespri yo pase pou w kouvri yon kantite nan leson an.

**Kesyon pou medite.** Nan ki okazyon m te santi Lespri a gide m kòm enstriktè? Kisa m ka fè pou m resevwa gidans li pi souvan?

**Egzanp nan ekriti yo.** Lè m li 3 Nefi 17:1–9, ki leson m tire nan egzanp Sovè a sou fason li te reponn bezwen moun li t ap anseye yo?

### RANN TEMWAYAJ OU SOUVAN

Temwayaj senp e sensè ou sou verite espiyèl la kapab gen yon gwo enfliyans sou moun w ap anseye yo. Yon temwayaj gen plis fòs lè l dirèk epi l soti nan fon kè. Li pa bezwen grandyoz ni long, ni ou pa bezwen kòmanse l avèk mo “M ta renmen rann temwayaj mwen.” Temwanye souvan sou prensip espesifik w ap anseye yo. Prezidan Joseph F. Smith te anseye ke “temwayaj sa a se tankou yon so ki sètifye verasite” prensip la.<sup>1</sup>

**Kesyon pou medite.** Ki okazyon m genyen pou m rann temwayaj mwen pandan m ap anseye—nan klas la

### ENVITE MOUN W AP ANSEYE YO POU YO AJI

Vrè konvèsyon mande plis pase jis santi Lespri a konfime verite a nan nanm nou; nou dwe aji selon verite sa yo tou. Anplis ede moun w ap anseye yo santi ak rekonèt Lespri a, ede yo aji sou enspirasyon yo

resevwa yo tou. Pou aprann plis sou fason pou envite moun w ap anseye yo pou yo aji, gade seksyon “Envite moun w ap anseye yo pou yo aji” a nan manyèl sa a.



ak lakay mwen. Kijan m ka pi byen itilize okazyon sa yo?

**Egzanp nan ekriti yo.** Kisa m aprann nan fason Alma te rann temwayaj li, jan yo rapòte nan Alma 5:45–48; 36:3–4 la?

📺 Gade videyo “Un homme sans éloquence” la (LDS.org).

### ENVITE LÒT MOUN POU YO RANN TEMWAYAJ YO

Pou envite Lespri a nan ansèyman ou, ankouraje lòt moun pou yo pataje temwayaj pèsònèl yo sou verite w ap diskite a. Senpleman mande manm klas yo pou yo pataje eksperyans yo oswa santiman yo sou yon prensip levanjil. Paregzanp, ou gen dwa mande “Kisa w santi osijè Liv Mòmmon an?” oubyen “Nan ki fason obeyi

pwofèt la te beni fanmi ou?” Menm timoun piti yo ka rann temwayaj lè nou mande yo l nan fason sa a.

**Kesyon pou medite.** Pandan m ap panse ak moun m ap anseye yo, kiyès m santi m pouse pou m envite l rann temwayaj li?

**Egzanp nan ekriti yo.** Jan yo rapòte nan Matye 16:15–17 ak Jan 11:20–27 la, kijan Sovè a te envite Pyè ak Mat pou yo te rann temwayaj yo?

📺 Epitou, gade videyo “Ou se Kris la” ak “Envite nou pou n temwaye” a (LDS.org).

### EDE LÒT MOUN REKONÈT ENFLIYANS LESPRI A

Youn nan bagay ki pi enpòtan ou ka fè kòm enstriktè se ede moun w ap anseye yo rekonèt enfliyans

Sentespri a. Sa espesyalman vrè lè w ap anseye timoun, jèn moun ak nouvo manm—w ap prepare yo pou yo resevwa revelasyon pèsònèl, pou yo evite twonpri, ak pou yo vin gen otonomi espirityèl. Si w santi Sentespri a enspire w pou w fè sa, mande moun w ap anseye yo sa yo santi ak sa yo te santi yo pouse pou yo fè. Ede yo rekonèt ke santiman espirityèl yo resevwa a soti nan enfliyans Sentespri a.

**Kesyon pou medite.** Kijan m ka konnen lè Lespri a prezan lè m ap anseye?

**Egzanp nan ekriti yo.** Kijan m ka itilize Galat 5:22–23; Mowoni 7:13; ak Doktrin ak Alyans 8:2–3 pou ede manm klas yo rekonèt enfliyans Sentespri a?

1. *Gospel Doctrine*, 5th ed. (1939), 206.

## POU MOUN K AP DIRIJE DISKISYON AN

### **Pataje ak konseye ansanm.**

Kòmmanse pa mande enstriktè yo pou yo pataje kèk eksperyans ansèyman epi poze kesyon ki anrapò avèk anseye.

**Aprann ansanm.** Envite enstriktè yo pou yo diskite sou youn oubyen plis

nan ide yo ki nan seksyon sa a. Pa eseye kouvri tout bagay nan yon sèl reyinyon.

**Pratike.** Si gen tan pou sa, mande enstriktè yo pou yo pataje nenpòt enpresyon espirityèl yo te resevwa pandan diskisyon an. Kisa yo pral fè

pou Lespri a kapab gide yo pwochèn fwa yo pral anseye? Nan pwochen reyinyon konsèy enstriktè a, envite yo pou yo pataje eksperyans yo.

**Prepare.** Deside ansanm sou yon sijè pou pwochen reyinyon an, epi mande enstriktè yo pou prepare yo.



## Prepare tèt ou espiyèlman.

Nan preparasyon pou ministè terès li a, “Lespri a te dirije” Sovè a pou l te jene, pou l te priye, epi pou l te “kapab avèk Bondye” (Tradiksyon Joseph Smith, Matye 4:1 [nan Matye 4:1, referans b]). Yon ansèyman levanjil pisan pa senpleman soti nan prepare yon leson men nan prepare tèt nou. Paske Lespri a se vrè enstriktè a ak vrè sous konvèsyon, enstriktè levanjil ki efikas yo—anvan yo panse pou kouvri lè klas la—konsantre sou ranpli kè yo avèk Sentespri a.

### “MEDITE . . . PAWÒL LAVI YO”

Si nou etidye pawòl Bondye a nan yon espi lapriyè, sa ap mete nou an amoni avèk Sentespri a. Li ka enspire nou pou nou itilize nan sa nou te etidye a lè n ap anseye ak edifye lòt moun. Pou rezon sa a, li pi bon pou nou ta etidye ekriti yo ak pawòl pwofèt yo avèk dilijans *anvan* nou ale nan materyèl siplemantè yo bay pou planifye yon leson an. Senyè a pwomèt si nou “medite pawòl lavi yo tout tan nan panse [nou], . . . [n ap] resevwa nan menm lè a” sa nou dwe di ak kijan nou dwe anseye. (D&A 84:85).

**Kesyon pou medite.** Kisa sa vledi pou m “medite” ekriti yo nan panse mwen? Nan ki okazyon m te santi yon ekriti te yon trezò pou mwen?

**Egzanp nan ekriti yo.** Lè Hyrum Smith te vle konn kijan li te ka patisipe nan travay Retablisman an, Senyè a te reponn avèk revelasyon ki nan Doktrin ak Alyans 11 la (gade D&A 23:3 tou). Ki konsèy m ka jwenn ladan ki ka aplike pou mwen antanke enstriktè?

### CHÈCHE REVELASYON PÈSONÈL CHAK JOU

Revelasyon souvan vini “liy apre liy” (2 Nefi 28:30), e non pa tout alafwa.

Konsa, li pi bon pou w kòmanse prepare w pou w anseye omwen yon semèn davans. Pandan w ap medite sou kijan prensip levanjil w ap anseye yo pral beni manm klas ou yo, ide ak enpresyon ap vini nan lavi kotidyèn ou—pandan w pral nan travay ou, pandan w ap fè travay nan kay la, oubyen pandan w ap pale avèk fanmi ak zanmi. Pa panse ak preparasyon espiyèl ou a kòm yon bagay ou pral kreye tan pou li men panse avèk li kòm yon bagay w ap fè tout tan.

**Kesyon pou medite.** Kisa m ka fè pou m pi pare pou resevwa gidans espiyèl chak jou?

**Egzanp nan ekriti yo.** Ki leson levanjil Sovè a te jwenn nan aktivite kotidyèn ni? (Gade, paregzanp, Matye 13:1–23; Jan 4:6–14).

Gade David A. Bednar, “Prompt à observer,” *Liahona*, Des. 2006, 30–36 tou.

### EKRI ENPRESYON OU

Lè ide ak enpresyon vini sou yon leson, chèche yon jan pou w ekri yo pou w ka sonje yo epi itilize yo kòm referans nan apre. Ou gen dwa toujou mache avèk yon ti kanè, ti kat pou w ekri, oubyen yon aparèy elektwonik pou w ka ekri enpresyon w resevwa

yo imedyatman, pandan ou “toujou nan Lespri a” (D&A 76:80, 113). Lè w ekri enpresyon espiyèl ou resevwa yo, ou montre Senyè a ke ou bay direksyon li valè, epi l ap akòde w revelasyon pi souvan.

Ankouraje moun w ap anseye yo pou yo ekri enpresyon yo resevwa yo tou. Ou kapab ankouraje timoun pitit yo pou yo pataje ide ak eksperyans yo resevwa yo avèk paran yo oswa sè ak frè yo. Èldè Richard G. Scott te pwomèt nou: “Yon konesans ki byen konsève se konesans ki disponib nan moman bezwen. . . . (Ekri direksyon espiyèl) ou resevwa yo ap ogmante chans pou w resevwa plis limyè.”<sup>1</sup>

**Kesyon pou medite.** Ki metòd pou note enpresyon espiyèl yo ki mache pi byen pou mwen?

**Egzanp nan ekriti yo.** Lè Sovè a te vizite Nefi yo, li te mande pou l te wè rejis yo. Kisa m aprann nan pawòl li yo ki nan 3 Nefi 23:7–14 la sou enpòtans pou ekri enspirasyon mwen resevwa.

1. Richard G. Scott, “L’acquisition de la connaissance spirituelle,” *L’Etoile*, Jan. 1994, 101.

## POU MOUN K AP DIRIJE DISKISYON AN

### Pataje ak konseye ansanm.

Kòmanse pa mande enstriktè yo pou yo pataje kèk eksperyans ansèyman epi poze kesyon ki anrapò avèk anseye.

**Aprann ansanm.** Envite enstriktè yo pou yo diskite sou youn oubyen plis nan ide yo ki nan seksyon sa a.

Paregzanp, ou gen dwa envite yo pou pataje nenpòt enpresyon yo te resevwa lè yo t ap etidye egzanp nan ekriti yo.

**Envite.** Envite enstriktè yo pou yo ekri enpresyon yo te resevwa sou ekriti yo pandan y ap prepare yo pou pwòchèn okazyon yo pral anseye

a—enkli opòtinite nan fwaye yo epi avèk fanmi yo. Nan pwòchèn reyinyon konsèy enstriktè a, mande yo pou youn pataje sa yo te ekri yo avèk lòt, si sa apwopriye pou ou.

**Prepare.** Deside ansanm sou yon sijè pou pwòchèn reyinyon an, epi mande enstriktè yo pou prepare yo.



## Viv levanjil Jezikri a

Sovè a, Mèt Enstriktè a, se egzanp pafè sou obeyisans anvè Papa a. Petèt ke bagay ki pi enpòtan ou ta ka fè pou w ka yon enstriktè nan fason Kris la, se suiv egzan obeyisans Sovè a epi viv levanjil la avèk tout kè ou—lakay, legliz, ak tout lòt kote. Sa se mwayen prensipal pou w ka kalifye pou konpayi Sentespri a. Ou pa bezwen pafè, jis eseye avèk dilijans—epi mande padon atravè Ekspyasyon Sovè a chak fwa ou bite. Prezidan Boyd K. Packer te anseye, “Yon enstriktè resevwa pouvwa lè l fè tout sa l kapab pou prepare, non pa jis lesan an sèlman, men nan kenbe lavi li an amoni avèk Lespri a tou.”<sup>1</sup>

### IMITE LAVI SOVÈ A

Sa itil pou n etidye kijan Sovè a te anseye—metòd li te itilize ak sa l te di. Men pouvwa Sovè a te genyen pou anseye ak edifye lòt moun nan te soti nan fason li t ap viv ak nan kalite moun li te ye a. Plis ou eseye avèk dilijans pou w viv tankou Jezikri, se plis w ap kapab anseye tankou li.

**Kesyon pou medite.** Lè m ap panse ak enstriktè ki te enfluyans lavi mwen, ki kalite kretyèn m te remake nan yo? Ki kalite kretyèn m santi m ta dwe devlope pi plis? (Pou yon aktivite evalyasyon tèt ou, gade seksyon “Vin yon enstriktè nan fason Kris la” nan manyèl sa a.)

**Egzanp nan ekriti yo:** Doktrin ak Alyans 4:5–6 bay lis kalite ki kalifye nou pou n sèvi nan travay Senyè a. Nan ki fason Sovè a te montre egzant kalite sa yo? Kijan m ka devlope yo?

### SE POU W YON TEMWAYAJ VIVAN

Èldè Neal A. Maxwell te anseye, “Se sa w ye ou anseye.” “Y ap pi vit sonje trè karaktè ou . . . pase yon verite patikilye nan yon lesan patikilye. Se konsa l dwe ye, paske si w pran responsablite disip ou oserye, y ap wè sa.”<sup>2</sup> Lè w vle anseye osijè padon, fè yon efò espesyal



pou w padone moun ki ofanse ou. Lè w vle anseye osijè lapriyè, asire w ke priyè pa ou konsistan e yo gen sans. Eksperyans pèsònèl ou ap pèmèt ou rann yon temwayaj puisan sou prensip w ap anseye yo. Paske w ap viv yo, Sentespri a ka temwaye ke sa w

ap anseye a se verite. Epi moun w ap anseye yo ap kapab wè benediksyon levanjil yo nan lavi ou.

**Kesyon pou medite.** Ki prensip levanjil m pral anseye nan semèn pwochèn yo? Kisa m ka fè pou m pi byen respektè prensip sa yo?

## POU MOUN K AP DIRIJE DISKISYON AN

### **Pataje ak konseye ansanm.**

Kòmanse pa mande enstriktè yo pou yo pataje kèk eksperyans ansèyman epi poze kesyon ki anrapò avèk anseye.

**Aprann ansanm.** Envite enstriktè yo pou yo diskite sou youn oubyen plis nan ide yo ki nan seksyon sa

a. Paregzanp, ou gen dwa mande, “Selon ou menm, kisa sa vledi pou w yon temwayaj vivan?”

**Envite.** Mande enstriktè yo pou yo pote atansyon sou enpresyon espirityèl yo resevwa pandan diskisyon sa a. Mande yo pou yo reflechi sou sa Lespri a di yo pou yo fè pou yo ka pi

byen viv levanjil Jezikri a. Ankouraje yo pou yo ekri enspirasyon sa yo epi suiv yo.

**Prepare.** Deside ansanm sou yon sijè pou pwochen reyinyon an, epi mande enstriktè yo pou prepare yo.



**Egzanp nan ekriti yo.** Pandan Dènnye Repa a, disip yo t ap diskite sou kiyès nan pami yo ki sete pi gran disip (gade Lik 22:14, 24–27). Kijan Sovè a te anseye yo apwopo sa ki te veritab grandè a? (gade Jan 13:1–17).

▶ Gade videyo “Viv levanjil la pote pouvwa” a tou (LDS.org).

### REPANTI

Nan efò ou pou viv ak anseye pi plis menmjan ak Sovè a, sa inevitab ke w ap bite pafwa. Pa dekouraje, men, kite erè ak feblès ou yo rapwoche w

de Papa nou ki nan Syèl la ak Sovè a. Chèche jwenn fòs nan Sakrifis Ekspyatwa Kris la. Sonje ke repantans pa la sèlman pou korije peche grav. Se yon pwosesis ki pèmèt nou fè chanjman nesèsè chak jou pou n ka vin pi sanble avèk Papa nou ki nan Syèl la ak Sovè a. Apre tou, se egzakteman sa w ap eseye enspire manm klas ou yo pou yo fè.

**Kesyon pou medite.** Lè m ap egzamine lavi mwen, ki chanjman Lespri a pouse m pou m fè pou m ka vin plis sanble ak Jezikri?

**Egzanp nan ekriti yo.** Kisa m aprann sou koneksyon ant repantans ak anseye a nan pawòl Amon yo nan Alma 26:21–22?

1. Boyd K. Packer, *Teach Ye Diligently* (1975), 306.
2. Neal A. Maxwell, “But a Few Days” (diskou pou enstrikè relijyon Sistèm Edikatif Legliz la, Sept. 10, 1982), 2, si.lds.org.

## Kreye yon anviwonman ki envite Lespri

Panse sou lye kote Sovè a te konn anseye yo—Lanmè Galile a, Montay Transfigirasyon an, tanp nan Jerizalèm ak nan Peyi Abondans la. Kisa ki te fè kote sa yo apwopriye pou ansèyman Sovè a te bay la yo? Antanke enstriktè klas jou Dimanch oswa yon enstriktè nan reyinyon kowòm, ou gen dwa santi ke w pa gen anpil kontwòl sou kote w ap anseye a. Men gen anpil bagay ou ka fè—nan nivo kad fizik ak atmosfè espirityèl—pou envite Lespri a nan klas ou a.

### PREPARE KAD FIZIK LA

Byenke Lespri a ka anseye nou kèlkeswa kote nou ye, anviwonman nou ye a kapab pwofondeman afekte kapasite nou pou anprann ak santi verite a. Pote atansyon sou sa w santi lè w ap mache antre nan klas la. Èske l pwòp e byen ranje? Èske jan chèz yo ranje a ap pèmèt ou pi byen kominike avèk elèv yo epi pi byen kominike youn ak lòt. Èske tout moun ka tande ou e tande lòt manm klas yo? Èske gen bagay ki ka distrè manm yo nan klas la pou rann ni pi difisil pou yo santi Lespri a?

Anplis retire bagay potansyèl ki ka distrè yo, reflechi sou sa w ka ajoute nan sal la pou envite Lespri. Paregzanp yon mizik prelid (tankou kantik yo oubyen lòt mizik ki gen reverans) kapab ankouraje yon atitid reverans lè manm klas yo ap rive. Imaj ak afich vizyèl yo—anplis ke yo se èd efikas pou ansèyman—kapab kreye yon atmosfè amikal ak akeyan tou.

Ou gen dwa mande yon manm nan prezidans Lekòldidimanch la oubyen

yon lòt dirijan oksilyè pou ede w fè aranjman sa yo nan klas ou a. Sa ka pèmèt ou konsantre atansyon ou sou manm klas yo.

Apre w fin fè tout sa w kapab pou kreye bon jan atmosfè pou anseye a, sonje ke anseye doktrin pure la kapab transfòme nenpòt anviwonman fizik pou fè l vin yon lye aprantisaj espirityèl puisan.

**Kesyon pou medite.** Ki bagay nan klas mwen an ki ede kreye yon anbyans kote Lespri a kapab prezan? Ki chanjman m ta bezwen fè nan klas mwen an?

**Egzanp nan ekriti yo.** Ki fason enstriksyon Senyè a bay pou etabli “yon kay pou aprann” ak “yon kay lòd” la (gade D&A 88:119–20) aplike pou apèl mwen kòm enstriktè a?

### ANKOURAJE YON ANBYANS LANMOU

Gen kèk lòt faktè ki envite Lespri ki mwens aparant—tankou konpòtman moun k ap aprann yo, fason youn trete

lòt, ak fason yo santi yo osijè levanjil la. Ede manm klas ou yo konprann ke yo chak gen yon enfluyans sou anbyans jeneral klas la. Ankouraje yo pou yo ede w etabli yon bèl atmosfè plen lanmou ak respè pou chak moun ka santi yo alèz pou pataje eksperyans yo, poze kesyon, ak rann temwayaj yo.

Egzanp ou gen yon gwo enfluyans sou konpòtman elèv klas yo, espesyalman si w ap anseye jèn moun ak timoun. Akeyi manm klas yo avèk yon souri sensè ak yon bèl lamèn lè y ap antre. Ak pawòl ou ak aksyon ou, montre yo ke ou renmen levanjil la epi ou sousye pou pwogresyon espirityèl yo.

**Kesyon pou medite.** Kisa manm klas mwen yo ka fè pou asire ke tout moun santi yo byenveni epi yo alèz nan kad aprantisaj la? Èske gen yon bagay m ta bezwen fè pou m vin yon pi bon egzanp?

**Egzanp nan ekriti yo.** Kisa Sovè a te fè pou ede disip li yo aprann pou “youn renmen lòt”? Jan 13:34.

## POU MOUN K AP DIRIJE DISKISYON AN

### **Pataje ak konseye ansanm.**

Kòmanse pa mande enstriktè yo pou yo pataje kèk eksperyans ansèyman epi poze kesyon ki anrapò avèk anseye.

**Aprann ansanm.** Envite enstriktè yo pou yo diskite sou youn oubyen plis nan ide yo ki nan seksyon sa a.

**Pratike.** Envite enstriktè yo pou yo mete ide tankou sa ki nan seksyon sa yo an aplikasyon pou kreye yon atmosfè byenveni e plen chalè nan

sal kote n ap reyini an. Ou gen dwa bay youn nan enstriktè yo tach pou l prepare sal la pou pwochen reyinyon konsèy enstriktè a.

**Prepare.** Deside ansanm sou youn sijè pou pwochen reyinyon an, epi mande enstriktè yo pou prepare yo.



## Pwofite moman sanzatan pou anseye yo

Pifò nan ansèyman Sovè a pa t fèt nan yon sinagòg, men nan kontèks senp chak jou yo—pandan l t ap manje avèk disip li yo, pandan l t ap tire dlo nan yon pi, oubyen pandan l t ap pase devan yon pye figye. Menmsi sèl okazyon ou genyen pou rankontre manm klas ou yo se jou Dimanch, chèche wè siy ki montre ke yo pare pou aprann yo—menmsi yo ta pare pou aprann yon bagay ou pa t planifye pou w te anseye.

### SE POU OU TOUJOU PARE

Moman sanzatan pou anseye yo pase vit, konsa, li enpòtan pou w pwofite de yo lè yo prezante. Paregzanp, yon kòmantè yon manm klas la fè sou yon nouvo fim ki pa gen yon bon mesaj ta ka yon opòtinite, selon enspirasyon Lespri a, pou montre diferans ant prensip Senyè a yo ak fason mond lan. Yon lapli ak loraj kapab yon chans pou pale sou kijan levanjil la pwoteje nou kont loraj lavi yo. Konvèsasyon sa yo pi efikas si yo fèt nan moman okazyon an prezante a, non pa pwochen fwa sijè a prezante nan manyèl la. Paskè moman sa yo prezante sanzatan, ou pa ka prepare pou yo tankou jan w t ap prepare w pou yon leson. Men, ou ka prepare *tèt ou* kote w ap “toujou pare” (1 Pyè 3:15) e atantif a Lespri a. Sovè a pa t konsidere wòl pou anseye a kòm yon wòl li te genyen yon fwa pa semèn, men, wòl enstriktè a te fè pati pèsonalite li. Si w wè tèt ou kòm yon enstriktè levanjil tout tan, ou ka fè nenpòt sitiyasyon vin tounen yon moman pou anseye.

**Kesyon pou medite.** Ki opòtinite pou anseye m genyen andeyò yon leson ki planifye? Kisa m ka fè pou asire ke m

toujou pare pou pwofite kalite moman sa yo?

**Egzanp nan ekriti yo.** Nan ki fason pawòl Alma yo sou kanpe kòm temwen “nan tout tan” ak “nan tout kote” (Mozya 18:9) yo aplike pou mwen kòm yon enstriktè? (gade tou D&A 84:85).

### SE POU OU OBSÈVE

Si w pote atansyon a sa k ap pase nan lavi manm klas ou yo, w ap jwenn opòtinite ekselan pou anseye. Paregzanp, yon adolesan ki gen yon desizyon difisil pou l pran gen dwa pare pou l aprann sou kijan pou l resevwa revelasyon pèsonèl, oubyen yon timoun ki pè gen dwa pare pou l aprann osijè wòl Sentespri a kòm Konsolatè. Kòmantè manm klas yo fè oubyen kesyon yo poze kapab mennen nan moman ansèyman tou.

**Kesyon pou medite.** Nan ki fason lefèt ke yon manm fanmi oubyen yon enstriktè te remake ke m te pare pou aprann yon bagay te pote benediksyon pou mwen?

**Egzanp nan ekriti yo.** Kisa Sovè a te remake nan Farizyen yo ak direktè

lalwa yo ki te mennen l anseye yo parabol ki nan Lik 15 yo? (gade vèsè 1–2).

### SE POU OU DISPONIB E AKSESIB

Kèk nan pi bon moman ansèyman yo kòmmanse pa yon kesyon oubyen yon preyokipasyon nan kè yon manm nan klas la. Sepandan, si w sanble w twò preyokipe, twò pare pou kritike, oubyen twò konsantre sou kouvri tout sa ou te prepare yo, moun w ap anseye yo gen dwa pa santi yo konfòtab pou pataje kesyon yo ak preyokipasyon yo avèk ou. Se pou w dispoze pou mete sa w te planifye yo akote, selon jan Lespri enspire ou, pou w ka koute sousi manm klas ou yo. Fè yo konnen, pa pawòl ou ak aksyon ou, ke ou anvi tande yo.

**Kesyon pou medite.** Èske moun m ap anseye yo konnen ke m enterese nan kesyon yo genyen yo? Kijan m ka pi byen montre yo ke m enterese?

**Egzanp nan ekriti yo.** Kisa m aprann nan Mak 5:22–34; 6:30–44; ak 3 Nefi 17 sou dispozisyon Sovè a te genyen pou l anseye ak beni moun lè yo te bezwen èd li?

## POU MOUN K AP DIRIJE DISKISYON AN

### **Pataje ak konseye ansanm.**

Kòmmanse pa mande enstriktè yo pou yo pataje kèk eksperyans ansèyman epi poze kesyon ki anrapò avèk anseye. Kèk nan pi bon moman ansèyman yo gen dwa vini pandan pati sa a nan reyinyon an.

**Aprann ansanm.** Envite enstriktè yo pou yo diskite sou youn oubyen plis nan ide yo ki nan seksyon sa a.

**Pratike.** Mande enstriktè yo pou yo fè yon lis sou aktivite yo te fè pandan semèn pase a (tankou fè travay nan kay la, jwe avèk manm fanmi yo, gade yon fim, oswa yon evenman

espòtif, oubyen al nan mache). Envi-te yo pou yo diskite sou fason yo ta ka itilize aktivite sa yo kòm opòtinite pou anseye.

**Prepare.** Deside ansanm sou yon sijè pou pwochen reyinyon an, epi mande enstriktè yo pou prepare yo.



## Prepare yon plan

Senyè a kòmande, “Òganize tèt nou; prepare tout bagay ki nesèsè” (D&A 88:119). Òganize yon plan ansèyman anvan ou anseye kapab ede w idantifye prensip levanjil ou santi k ap pi byen reponn bezwen moun w ap anseye yo ak chèche jwenn dokimantasyon pou kore prensip sa yo. Sa ka pèmèt Lespri a ba w direksyon nan yon anbyans plen detant tou. Si w fè travay sa a alavans, w ap kapab konsantre sou manm klas ou yo pandan w ap anseye a, olye w konsantre sou kisa w pral di apre. Epi w ap kapab pi byen prepare pou reponn a enspirasyon esprityèl pou adapte plan w yo si nesèsè tou.

### KONSANTRE SOU PRENSIP K AP POTE BENEFIS POU MOUN K AP APRANN YO

Plan ansèyman w la dwe konsantre sou bezwen moun w ap anseye yo ak prensip levanjil ki ap reponn bezwen sa yo. Pandan w etidye pasaj ekriti yo ak sou ansèyman pwofèt yo aple w pou w anseye yo nan yon espri lapriyè, mande tèt ou, “Kisa m jwenn nan pasaj sa yo ki ka espesyalman siyifikan pou manm klas mwen yo?” Paregzanp, si w ap anseye osijè Sakrifis Ekspyatwa Jezikri a, ou gen dwa santi si kèk manm nan klas la gen pwoblèm pou padone tèt yo menm apre yo fin repanti. Ou gen dwa santi w pouse pou pataje avèk yo pwomès sa a ki nan Ezayi 1:18 la: “Menmsi peche w yo wouj tankou san, y ap vin blan tankou lanèj.”

Kite Lespri a gide ou nan planifikasyon w lan. Li ka sijere w pasaj ekriti, ansèyman pwofèt, ak ide nan leson an nan manyèl la ki ap benefisyè manm klas ou yo nan fason ou gen dwa pa t menm prevwa.

**Kesyon pou medite.** Ki prensip m pral anseye nan pwochèn leson yo? Kiyès nan prensip sa yo m santi ki ka pi byen reponn bezwen manm klas mwen yo?

**Egzanp nan ekriti yo:** Alma 39–42 gen konsèy Alma te bay pitit gason li Koryanton. Ki bezwen Alma te apèsi pitit gason l lan te genyen? Ki prensip li te santi l pouse pou anseye li? Kisa m ka aprann nan egzanp Alma a?

### CHÈCHE JWENN DOKIMANTASYON K AP KORE PRENSIP YO

Lè w ap prepare plan ansèyman w lan, chèche mwayen pou w ede moun nan klas ou yo konprann prensip levanjil ou planifye pou diskite yo. Ekriti yo ak pawòl pwofèt vivan yo se dokimantasyon debaz ou—li yo anvan w al konsilte lòt resous siplèmantè. Ki ekriti ki ede anseye prensip la? Èske yo te pale de prensip sa a nan yon diskou nan dènye konferans jeneral la? Ki kesyon ou ta ka poze pou ede manm klas ou yo medite sou prensip la epi aplike li? Èske gen lòt resous ki ta ka ede kore prensip la—istwa, leson objè, imaj, videyo, kantik, oswa chan timoun? Yo sijere anpil nan resous sa yo nan dokimantasyon sou pwogram Legliz yo, nan revè Legliz yo, oswa nan LDS.org. Pou chak prensip w ap anseye, fè lis kèk kesyon ak dokiman





ki kore yo ke w ta ka itilize. Li gen dwa pa nesès—oswa posib—pou itilize yo tout, men li ta bon pou w prepare pou itilize yo sizanka.

**Kesyon pou medite.** Ki resous m wè lòt enstriktè itilize pou yo ka efikasman anseye yon prensip levanjil? Ki resous m ta ka itilize?

**Egzanp nan ekriti yo.** Kisa ki enpresyone m nan fason Sovè a klarifye yon prensip nan Lik 10:25–37?

Gade nan seksyon “Itilize Mizik, Istwa, ak Bagay Atistik pou anseye doktrin nan” ki nan manyèl sa a.

## SE POU W DISPOZE POU ADAPTE OU

Yon preparasyon ki fèt nan lapriyè ak yon plan leson byen òganize kapab grandman beni etidyan w yo, men ou dwe dispoze pou adapte plan leson w lan pandan klas la si Lespri a enspire ou. Pote atansyon a kòmantè ak kesyon moun w ap anseye yo genyen; Lespri a gen dwa pouse w pase plis tan ke w te planifye sou yon sèten prensip oubyen li gen dwa pouse w reponn yon kesyon ki pa fè pati plan leson w lan.

Sonje ke pwogresyon espirityèl moun w ap anseye yo pi enpòtan pase prezante tout sa ou te planifye yo. Epi anpil nan pwogresyon espirityèl sa a ap fèt andeyò klas la. Planifye kesyon

ki ap ankouraje manm klas ou yo pataje sa yo aprann pou tèt pa yo ak nan fanmi yo. Plis ou etidye alavans, se plis w ap prepare pou adapte w a bezwen moun yo ak pou ba yo sipò ou.

**Kesyon pou medite.** Kisa m ka fè pou asire ke m koute enspirasyon Lespri yo lè m ap anseye?

**Egzanp nan ekriti yo.** Kisa m ka tire nan Doktrin ak Alyans 11:21 sou wòl Lespri a jwe nan anseye?

## IDE POU ANSÈYMAN

Lè w ap prepare plan w lan, panse sou sa w pral envite manm klas yo pou yo fè pou ka ede yo aprann nan ekriti yo ak nan pawòl pwofèt dènye jou yo. Gen kèk ide anba la a ke w ka aplike pou prèske tout ekriti oubyen tout sijè. W ap jwenn lòt ide nan dokimantasyon sou pwogram Legliz yo tou. Sepandan, pi bon ide yo ap souvan vin jwenn ou atravè Lespri a pandan w ap reflechi sou bezwen moun w ap anseye yo.

Manm klas yo ta ka:

- Fè yon lis prensip oswa verite yo jwenn nan yon pasaj ekriti. Ki mo, ki fraz ak ki egzanp nan vèsè yo ki ede yo konprann prensip sa yo?

- Chèche reponn kesyon ki nan yon pasaj ekriti oubyen nan yon diskou konferans jeneral.

- Pataje kijan yo t ap renmen anseye fanmi yo oswa zanmi yo yon prensip. Kijan yo t ap anseye yon timoun prensip sa a? Oubyen yon moun ki nan yon lòt relijyon?

- Konpare de oswa plis istwa nan ekriti yo oubyen kèk pasaj ekriti. Ki nouvo ide yo jwenn apati konparezon sa a?

- Chèche kantik ki pale de yon prensip levanjil epi chante yo.

- Fè rezime yon pasaj ekriti nan pwòp mo pa yo.

- Matche vèsè yo avèk ilustrasyon imaj ki anrapò avèk yo. Kijan imaj sa yo ede yo pi byen konprann pasaj ekriti a.

- Mime yon sitiyasyon ki anrapò avèk yon prensip levanjil.

- Gade dokimantasyon odyovizyèl Legliz la pwodui yo, tankou DVD oswa videyo n ap jwenn nan LDS.org.

- Eksplike kijan yon foto oswa yon objè ilustrasyon gen rapò avèk yon prensip.

## MODÈL PLAN ANSÈYMAN

Gen anpil fason pou òganize yon plan ansèyman. Itilize metòd k ap pi bon pou oumenm ak moun w ap anseye yo. Men yon metòd posib w ap jwenn anba la a.

**Envite patisipasyon:** Ou gen dwa kòmanse pa ankouraje manm klas ou yo pou pataje panse ak eksperyans youn avèk lòt. Yo gen dwa pataje ide yo te jwenn pandan yo t ap li ekriti yo, eksperyans yo te fè nan aplike prensip yo anseye nan ekriti yo, oswa kesyon yo te genyen sou sijè k ap trete semèn sa a.

**Anseye doktrin nan:** Panse sou fason ou ka ede manm klas ou yo dekouvri verite levanjil yo pou tèt pa yo. Sa ap ede w òganize panse ou ak materyèl ou yo alavans. Paregzanp, si sijè w la sete retablisman prèttriz la, ou ta gen dwa abòde l nan fason sa a:

Prensip	Ekriti pou kore	Kesyon	Èd pedagogik
Lè l te etabli legliz li a, Jezi-kri te bay Apot li yo otorite prèttriz la.	Matye 10:1; Travay 2:37–47; Ebre 5:4	Kisa ekriti sa yo anseye w sou enpòtans otorite prèttriz la?	Foto Kris la k ap òdone Douz Apot li yo.
Akoz mechanste ki t ap simaye, espesyalman asasina anpil nan Apot yo, Senyè a te retire otorite prèttriz la sou tè a.	Amòs 8:11–12; Matye 24:9–11; Travay 20:29–30; 2 Tesalonik 2:1–4; Mòmmon 1:13–14	Ki prèv Apostazi ou wè nan mond lan?	Analoji: Sipoze ke w nan yon sal ki klere pa douz anpoul epi anpoul sa yo etenn youn apre lòt. Nan ki fason sa anrapò avèk Apot yo ak otorite prèttriz la ki pèdi a?
Prèttriz la te retabli palen-tèmedyè Joseph Smith pa moun ki te detni l nan ansyen tan yo.	D&A 13:1; 27:12–13; 110; Joseph Smith—Istwa 1:68–72	Pandan w t ap etidye retablisman prèttriz la, kisa Lespri a te anseye ou?	Videyo: “Retablisman Prèttriz la” (LDS.org)
Jodia benediksyon Prèttriz yo disponib pou tout moun.	D&A 1:20; 84:19–20	Nan ki fason prèttriz la beni ou menm ak fanmi ou?	“Peuples du monde, écoutez donc!” <i>Cantiques</i> , no. 170)

**Ankouraje aplikasyon:** Nan yon moman done nan leson an, ankouraje manm klas yo pou yo reflechi sou santiman espi-ritiyèl yo te genyen pandan klas la ak sa yo te santi yo enspire pou yo fè apati sa yo aprann nan.

**Ankouraje plis etid:** Sa souvan itil pou fè manm klas yo konnen sa yo pral diskite nan semèn apre a epi envite yo pou yo prepare yo alavans lakay yo.

## POU MOUN K AP DIRIJE DISKISYON AN

### **Pataje ak konseye ansanm.**

Kòmanse pa mande enstriktè yo pou yo pataje kèk eksperyans ansèyman epi poze kesyon ki anrapò avèk anseye.

**Aprann ansanm.** Envite enstriktè yo pou yo diskite sou youn oubyen plis nan ide yo ki nan seksyon sa a.

**Pratike.** Travay ansanm an gwoup pou prepare yon modèl plan pou yon leson k ap vini, konsilte manyèl pou ansèyman ki apwopriye a. Ou gen dwa itilize modèl plan ki nan seksyon sa a oubyen yon lòt plan. Envite enstriktè yo pou yo prepare yon plan leson pou pwochen

leson yo a epi pote l nan pwochen reyinyon konsèy enstriktè a pou yo ka resewa kòmantè nan men lòt enstriktè yo.

**Prepare.** Deside ansanm sou youn sijè pou pwochen reyinyon an, epi mande enstriktè yo pou prepare yo.



## Anseye doktrin nan

(*Manyèl 2: Administrasyon Legliz la* [2010], 5.5.4)

Sovè a te di: “Doktrin mwen an pa sot nan mwen menm, men se doktrin moun ki voye m nan” (Jan 7:16). Doktrin Papa a konpoze pa verite etènèl ki, si nou aplike yo konstaman, ap mennen nan egzaltasyon. Verite ki kapital nan pami verite sa yo se Sakrifis Ekspyatwa Sovè a ak wòl esansyèl li nan plan sali a. Nan ekriti dènye jou yo, Senyè a kòmande nou pou nou “youn anseye lòt doktrin wayòm nan” (D&A 88:77). Lè nou fè sa, Sentespri a rann nou temwayaj konsènan verasite doktrin nan epi li enspire tout moun pou yo viv li. Doktrin nan pa p chanje—men, olyesa, l ap chanje nou, epi l ap chanje moun n ap anseye yo.

### KONSANTRE ANSÈYMAN OU SOU DOKTRIN KRIS LA

Prezidan Boyd K. Packer te di: “Vrè doktrin nan, lè nou konprann ni, ap chanje atitid nou ak konpòtman nou.”<sup>1</sup> Antanke enstriktè levanjil, ou ka asire w ke “predikasyon pawòl Bondye a” gen yon “pi gwo pouvwa sou panse pèp la pase . . . tout lòt bagay” (Alma 31:5). Si sousi w se sèlman pou w amize manm klas ou yo oubyen kenbe yo okipe, ou gen dwa pase akote ansèyman verite etènèl sa yo ki ap pèmèt yo fè chanjman enpòtan nan lavi yo a.

Youn nan fason pou asire ke w anseye vrè doktrin nan se reflechi sou kijan sa w ap anseye a anrapò avèk doktrin Kris la, ki rezime nan 2 Nefi 31 ak 3 Nefi 27:16–21 la, e, ke nou jwenn nan tout ekriti yo tou. Toujou mande tèt ou: “Nan ki fason sa m ap anseye yo ede manm klas mwen yo bati lafwa nan Kris la, repanti, fè ak kenbe alyans avèk Bondye, e resevwa Sentespri a?”

**Kesyon pou medite.** Ki fason moun m ap anseye yo ap beni si yo viv doktrin Kris la? (gade 3 Nefi 27:16–21). Ki konsèkans etènèl ki ap genyen si yo pa viv doktrin Kris la?


**Egzanp nan ekriti yo.** Selon Mozya 5:2–5, kisa ki te lakoz pèp Wa Benjamen an te chanje a? Kisa Wa Benjamen te anseye yo? (gade Mozya 2–5). Nan ki fason sa Wa Benjamen te anseye yo te anrapò avèk doktrin Kris la?

### ANSEYE NAN KONTÈKS PLAN SALI A

Pafwa manm klas yo—espesyalman jèn yo—mande tèt yo nan kisa prensip levanjil yo konsène yo oubyen poukisa yo dwe obeyi kèk kòmandman. Sepandan, si yo konprann plan etènèl Pè Selès la pou bonè pitit li yo, rezon-dèt prensip levanjil yo ak kòmandman yo ap vin pi klè pou yo epi motivasyon pou obeyi a ap ogmante. Paregzanp, yon moun ki konprann doktrin maryaj etènèl la ak potansyèl nou pou vin menmjan ak Papa nou ki nan Syèl la ap wè ke, rezon pou l obeyi lwa chastete a pi puisan pase dezi li pou evite gwosès oswa maladi endezirab.

**Kesyon pou medite.** Ki prensip m pral anseye nan pwochèn leson yo? Ki fason m ka ede manm klas yo konprann prensip sa yo nan kontèks plan sali a?

**Egzanp nan ekriti yo.** Alma te anseye ke Bondye te bay pèp li a kòmandman



apre l te fin anseye yo “plan redanmyasyon” an (gade Alma 12:32). Kijan m ka aplike modèl sa a lè m ap anseye?

### ITILIZE EKRTI YO AK PAWÒL PWOFE DÈNYE JOU YO

Senyè a kòmande nou pou “youn anseye lòt doktrin wayòm nan” (D&A 88:77) epi pou n itilize ekriti yo pou “anseye prensip levanjil [Li] yo” (D&A 42:12). Ekriti yo ak pawòl pwofèt ak apot dènye jou yo se sous verite n ap anseye yo. Nan chak okazyon, egzòte moun w ap anseye yo pou yo ale nan pawòl Bondye a pou yo ka jwenn gidans, repons pou kesyon yo, ak sipò. Si yo “fè yon festen ak pawòl Kris la,”

### ANKOURAJE APRANTISAJ LEVANJIL LA NAN FWAYE A

Si se sèlman nan klas ou a moun w ap anseye yo aprann doktrin levanjil yo, yo pap gen nourisman espiyityèl yo bezwen an. Bagay ki pi enpòtan

ou ka fè pou ede yo bati lafwa yo epi vin pi plis tankou Kris la se egzòte yo pou yo aprann nan ekriti yo pou tèt pa yo epi ansanm avèk fanmi yo.

Pou ede, gade “Ankouraje aprantisaj levanjil la nan fwaye a” nan manyèl sa a.



doktrin y ap jwenn ladan l an ap “di [yo] tout sa [yo] dwe fè” (2 Nefi 32:3).

**Kesyon pou medite.** Kijan m ka enspire moun m ap anseye yo pou yo “fè yon festen ak” pawòl Bondye a? Kijan m ka ede yo itilize referans yo, Gid Ekriti a, ak lòt èd pou etid yo pou yo ka pi byen konprann ekriti yo?

**Egzanp nan ekriti yo.** Ki egzanp m ka jwenn sou Sovè a k ap itilize ekriti yo pou anseye ak temwaye konsènan verite levanjil yo? (gade, paregzanp, Matye 12:1–8 ak Lik 4:16–21).

### EDE MANM KLAS YO KONPARE EKIRITI YO AVÈK TÈT YO

Nefi te di: “M te konpare tout ekriti yo avèk lavi nou, pou nou kapab pwofite ak aprann” (1 Nefi 19:23). Menm verite levanjil ki te enspire ak soutni Abraram, Estè, Leyi, ak Joseph Smith yo kapab ede moun w ap anseye yo fè fas ak pwoblèm modèn yo. Pou ede manm klas yo konpare ekriti yo ak tèt yo, envite yo pou mete non yo nan yon vèsè oubyen medite sou yon istwa nan ekriti yo ki gen rapò ak lavi yo.

**Kesyon pou medite.** Ki pasaj ekriti ki te ban m enspirasyon nan yon pwoblèm m t ap travèse?

**Egzanp nan ekriti yo.** Ki fason Sovè a te konpare ekriti yo avèk moun li t ap anseye yo? (gade, paregzanp, Lik 4:24–32).

### EDE MANM KLAS YO JWENN VERITE NAN EKIRITI YO

Anvan yo li yon pasaj nan klas la, panse pou mande yo pou yo chèche kèk verite espesifik yo anseye nan pasaj la. Pafwa verite sa yo deklare klèman, e pafwa nou dwe devine yo. Paregzanp, ou gen dwa di: “Pandan n ap li Doktrin ak Alyans 11:12–14 la, chèche jwenn verite n ap aprann sou Sentespri a yo.”

**Kesyon pou medite.** Kisa m ka fè pou ede manm klas yo aprann kijan pou yo jwenn verite levanjil yo nan ekriti yo?

**Egzanp nan ekriti yo.** Poukisa Sovè a te vle pou Nefi yo sonde ekriti yo ak li pawòl pwofèt yo? (gade 3 Nefi 23:1–5).

▶ Gade videyo “Sonde Ekriti yo” (LDS.org).

### TEMWAYE KONSÈNAN VRÈ DOKTRIN NAN

Sovè a te anseye “kòm yon moun ki gen otorite, e non pa tankou doktè lalwa yo” (Matye 7:29). Temwayaj pèsònèl Sovè a te bay pawòl li yo



otorite epi sa te ede moun li t ap anseye yo rekonèt ke li t ap anseye verite etènèl. Pandan w ap rann temwayaj ou konsènan vrè doktrin nan, Lespri a ap konfime verasite doktrin nan nan kè moun w ap anseye yo.

**Kesyon pou medite.** Ki fason temwayaj mwen te fòtifye pa temwayaj puisan yon lòt moun?

**Egzanp nan ekriti yo.** Kisa m aprann nan egzanp Alma k ap rann temwayaj konsènan laverite a? (gade Alma 5:43–48).

1. Boyd K. Packer, “Do Not Fear,” *Ensign* oswa *Liahona*, Me 2004, 79.

## POU MOUN K AP DIRIJE DISKISYON AN

### **Pataje ak konseye ansanm.**

Kòmmanse pa mande enstriktè yo pou yo pataje kèk eksperyans ansèyman epi poze kesyon ki anrapò avèk anseye.

**Aprann ansanm.** Envite enstriktè yo pou yo diskite sou youn oubyen plis

nan ide yo ki nan seksyon sa a. Pa eseye kouvri tout bagay nan yon sèl reyinyon.

**Pratike.** Envite enstriktè yo pou yo pataje kèk nan ekriti yo pi renmen

yo. Pale sou plizyè kalite fason chak ekriti ta ka konpare avèk lavi moun y ap anseye yo.

**Prepare.** Deside ansanm sou yon sijè pou pwochen reyinyon an, epi mande enstriktè yo pou prepare yo.

## Itilize mizik, istwa ak èd vizyèl pou anseye doktrin nan

Lè Bondye te kreye tè a, li te ranpli l avèk yon varyete bèt, plant, ak peyizaj pou bay lavi nou richès ak bote. Chèche kijan pou w ajoute varyete nan efò ou pou anseye levanjil la. Lè w fè sa, w ap ajoute richès ak bote nan eksperyans manm klas yo epi sa ap ede w atenn sa ki gen bezwen varye yo. Panse sou kijan itilize mizik, istwa, imaj, ak lòt fòm bagay atistik kapab envite Lespri a, klarifye prensip levanjil yo nan fason memorab, epi ede manm klas yo konpare levanjil la avèk lavi kotidyèn yo. Sonje ke resous sa yo pa dwe fòkis leson an, men yo se sèlman zouti pou ede w anseye doktrin levanjil yo pi efikasman.

### ITILIZE MIZIK POU ENVI-TE LESPRI A AK POU ANSEYE DOKTRIN NAN

Premye Prezidans lan di: “Mizik gen gwo pouvwa pou soulve [andedan nou] yon pi gwo espirityalite ak yon pi gwo devouman pou levanjil la.”<sup>1</sup> Kou te oubyen chante yon kantik ka kreye yon santiman reverans e envite Lespri. Kantik yo ka anseye prensip levanjil yo tou. Paregzanp, “Oui, je crois en Christ” (*Cantiques*, no. 71) oswa “Chan Alelouya” George Frideric Handel la kapab enspire yon diskisyon sou wòl divin ak tit Sovè a. Panse sou kijan ou ka fè mizik vin yon pati nan leson w yo; paregzanp, ou gen dwa jwe yon anrejistremant yon kantik oubyen envite yon fanmi oswa kèk timoun Primè pou vin chante nan klas ou a.

**Kesyon pou medite.** Ki fason mizik sakre enfluyans temwayaj mwen? Ki fason li ka beni moun m ap anseye yo?

**Egzanp nan ekriti yo.** Ki rezon posib Jezi ak disip li yo te genyen pou chante yon kantik anvan yo te deplase al nan Jetsemani an? (gade Matye 26:30; gade Kolosyen 3:16; D&A 25:12 tou).

### ITILIZE ISTWA AK EGZANP POU ANSEYE PRENSIP LEVANJIL YO

Sovè a te souvan rakonte istwa ak parabòl pou ede moun ki t ap koute l yo konprann kijan prensip levanjil yo aplike nan lavi kotidyèn yo. Ansèyman l yo plen referans sou pwason, semans, kle, gode, ak anpil lòt objè nou itilize chak jou yo. Lè w ap prepare w pou anseye, panse ak egzanp ak istwa nan pwòp lavi pa w ak nan lavi manm klas ou yo ki ka rann prensip levanjil yo vivan. Paregzanp, ou gen dwa diskite sou kijan Sentespri a se tankou yon bousòl, yon flach, oswa yon dra byen cho. Sitasyon edifyan ki soti nan literati ki bon jan kalite kapab anrichi yon leson tou. Osi souvan sa posib, envite manm klas yo pou pataje pwòp istwa pa yo ak eksperyans pa yo.

**Kesyon pou medite.** Ki eksperyans nan lavi pa m ki te ede m konprann prensip levanjil yo? Kijan m ka ankouraje manm klas yo pou pataje eksperyans yo?

**Egzanp nan ekriti yo.** Poukisa Sovè a te itilize parabòl tankou sa nou jwenn nan Matye 13:44–48 yo?

### ITILIZE BAGAY ATISTIK POU ATIRE ATANSYON MANM KLAS YO

Èd vizyèl, ansanm ak imaj, videyo, ak dramatisasyon, kapab ede soulve atansyon manm klas yo—espesyalman sa ki vizyèl yo—e sa ka rann resi yo pi memorab. Èd vizyèl w ap itilize yo dwe plis pase dekorasyon, yo dwe ede manm klas yo konprann doktrin levanjil yo. Nan *Liv Ilistrasyon Levanjil* la ak nan *Libreri Medya SDJ* nan LDS.org la w ap jwenn anpil ilustrasyon ak videyo ki ka ede manm klas yo vizyalize konsèp yo oswa evenman yo. Tablo *Dezyèm Vini* Harry Anderson nan, paregzanp, kapab ede manm klas yo medite sou kijan y ap santi yo lè Sovè a retounen. Jwe wòl parabòl piti pwodig la kapab ede yo konprann kisa savledi pou padone yon moun ki kite wout la.

**Kesyon pou medite.** Kijan m ka itilize èd vizyèl pou amelyore eksperyans aprantisaj manm klas yo nan pwòchèn leson yo?

**Egzanp nan ekriti yo.** Ki fason Sovè a te itilize imaj vizyèl lè l t ap anseye? (Gade, paregzanp, Matye 6:28–30; 22:16–21; Mak 12:41–44).

1. “Prefas Premye Prezidans lan,” *Cantiques*, x.

## POU MOUN K AP DIRIJE DISKISYON AN

### **Pataje ak konseye ansanm.**

Kòmanse pa mande enstriktè yo pou yo pataje kèk eksperyans ansèyman epi poze kesyon ki anrapò avèk anseye.

**Aprann ansanm.** Envite enstriktè yo pou yo diskite sou youn oubyen plis nan ide yo ki nan seksyon sa a.

### **Pratike.**

Pou demontre prensip ou te anseye yo nan seksyon sa a, chèche kijan ou ka enkli mizik, istwa, ak èd vizyèl nan diskisyon w lan. Paregzanp, anvan reyinyon an, ou gen dwa envite enstriktè yo pou yo vini prepare pou pataje mizik, istwa, oswa èd vizyèl yo te itilize oubyen yo ta ka itilize pou anseye yon prensip

levanjil. Lè enstriktè yo fin pataje bagay sa yo, mande yo pou diskite sou fason sa yo te prezante yo ta ka kore prensip y ap anseye a ak amelyore eksperyans aprantisaj la pou moun y ap anseye yo.

**Prepare.** Deside ansanm sou yon sijè pou pwòchèn reyinyon an, epi mande enstriktè yo pou prepare yo.

## Reponn kesyon difisil yo ak lafwa

Yon bon enstriktè dwe ankouraje manm klas li yo pou yo poze kesyon, men pafwa yo ka poze yon kesyon ki ka difisil pou reponn. Senyè a kòmande, “Meditè pawòl lavi yo tout tan nan panse nou,” epi “deklare nenpòt bagay nou deklare . . . nan yon lespri dou.” Pwomès li sèke lè nou fè bagay sa yo, n ap resevwa “sa pou nou di a nan menm lè a” (D&A 84:85; 100:6–7).

### PREPARE ALAVANS

Lè w ap prepare pou w anseye, priye pou w ka jwenn èd pou idantifye kesyon ki ka soulve nan lespri manm klas ou yo. Sonde ekriti yo ak lòt resous Legliz yo, epi panse sa fason ou ta ka reponn. Sonje ke pi bon preparasyon an soti nan chèche èd Lespri a.

**Kesyon pou medite.** Pandan m ap panse ak pwochen opòtinite pou m anseye a, ki kesyon difisil manm klas yo ka genyen? Kisa m ka fè pou m prepare?

**Egzanp nan ekriti yo.** Kijan pwomès ki nan 2 Nefi 32:3 yo gen rapò avèk mwen antanke enstriktè?

### FÈ REFERANS AK RESOUS OFISYÈL LEGLIZ LA PIBLIYE YO

Pi bon sous pou reponn kesyon difisil levanjil yo se ekriti yo, pawòl pwofèt vivan yo, ak lòt piblikasyon ofisyèl Legliz la fè yo. Paregzanp, Legliz la pibliye tèks (esè) sou Sijè Levanjil pou ede reponn kesyon sou istwa Legliz la ak sou lòt sijè ki bay pwoblèm yo ([gade.lds.org/topics](http://gade.lds.org/topics)). Se pou w familiarize w avèk piblikasyon ofisyèl Legliz la fè yo, epi ankouraje moun ki gen kesyon yo pou yo etidye yo tou.

**Kesyon pou medite.** Ki kesyon manm klas mwen yo te poze nan lecase? Ki piblikasyon Legliz la ki ka ede yo?



**Egzanp nan ekriti yo.** Kijan m ka suiv konsèy ki nan Doktrin ak Alyans 88:118 yo?

### ENVITE MOUN W AP ANSEYE YO POU EDE REPONN KESYON YO

Nan plizyè ka, li ka apwopriye pou w envite manm klas yo pou youn ede

## POU MOUN K AP DIRIJE DISKISYON AN

### **Pataje ak konseye ansanm.**

Kòmanse pa mande enstriktè yo pou yo pataje kèk eksperyans ansèyman epi poze kesyon ki anrapò avèk ansenye. Eseye kreye yon atmosfè kote enstriktè yo santi yo alèz e an sekirite pou poze kesyon.

**Aprann ansanm.** Envite enstriktè yo pou yo diskite sou youn oubyen plis nan ide yo ki nan seksyon sa a.

**Pratike.** Anvan reyinyon an, envite enstriktè yo pou pote kesyon difisil sou levanjil la yo te tande moun yo

t ap anseye yo poze yo. An gwoup, diskite sou fason apwopriye pou reponn kesyon sa yo.

**Prepare.** Deside ansanm sou yon sijè pou pwochen reyinyon an, epi mande enstriktè yo pou prepare yo.





lòt jwenn repons pou kesyon yo. Si w santi Lespri a enspire ou, ou gen dwa deside pou fè sa menm si w santi ke w konn repons lan. Lè w mande yo pou yo sonde ekriti yo ak lòt resous Legliz yo pou yo jwenn repons pou kesyon levanjil yo, ou ba yo opòtinite ekselan pou yo aprann.

**Kesyon pou medite.** Kiyès nan klas mwèn an ki ka bay enfòmasyon itil si yon kesyon difisil ta poze?

**Egzanp nan ekriti yo.** Kijan m ka suiv modèl ki nan Doktrin ak Alyans 88:122 a pou ede manm klas mwèn yo jwenn repons pou kesyon yo?

📺 Gade videyo ki nan seksyon “Reponn kesyon yon manm klas la” (LDS.org).

### **LÈ W PA KONNEN, ADMÈT SA**

Sa pa ta dwe etone w ke gen kèk kesyon sou levanjil la nou pa gen repons pou yo; gen repons pou kèk kesyon difisil ki poko revele. Byenke sa tou natirèl pou w ta vle reponn tout kesyon, nan kèk sitiyasyon, li ta pi bon pou w ta senpleman di “Mwen pa konnen. Annou chak etidye kesyon sa a nan semèn nan, epi nou ka diskite sou li pwochèn fwa a.” Nan ka sa yo, remete atansyon manm klas yo sou verite pi enpòtan nan levanjil la ke nou konnen yo, tankou Sakrifis Ekspyatwa a, plan sali a, ak pouvwa prèttriz la. Rann temwayaj ou sou prensip esansyèl levanjil yo. Ede yo konprann deklarasyon Èldè Jeffrey R. Holland nan: “Nan Legliz sa a, sa nou

konnen yo ap toujou prime sou sa nou pa konnen yo.”<sup>1</sup>

**Kesyon pou medite.** Kisa m ka fè pou bati lafwa nan moun ki gen kesyon sou levanjil la ki poko gen repons yo?

**Egzanp nan ekriti yo.** Kisa m ka aprann nan ekriti sa yo sou kesyon levanjil ki san repons yo? Ezayi 55:8–9; Jan 16:12; 2 Korentyen 5:7; 1 Nefi 11:16–17; Doktrin ak Alyans 101:32–33; Moyiz 5:6; Atik Lafwa 1:9.

1. Jeffrey R. Holland, “Je crois, Seigneur,” *Ensign* oswa *Liahona*, Me 2013, 94.



## Anseye timoun yo

Lè Sovè resisite a te vizite Nefit yo, “li te anseye e sèvi timoun yo . . . , e li te delye lang yo, e yo te pale papa yo gwo bagay mèveye, menm pi gwo pase sa li te revele pèp la” (3 Nefi 26:14). Fason Sovè a aji tabli yon egzanp pou nou lè n ap anseye timoun yo, pandan n ap pran swen yo, ak enfliyans lafwa ak konvèsyon yo (gade 3 Nefi 17:23).

### SOUTNI PARAN YO

Paran yo se enstriktè levanjil ki pi enpòtan pou pitit yo—yo gen responsablite prensipal ak pi gwo pouvwa pou enfliyans pitit yo (gade Detewonòm 6:6–7). Lè w ap anseye timoun yo nan legliz la, chèche nan lapriyè pou w konn ki fason pou soutni paran yo nan wòl esansyèl yo a. Paregzanp, ou ka pale avèk paran yo sou bezwen ak enterè pitit yo a, ou gen dwa pataje avèk yo sa pitit yo a aprann nan klas ou a, e ou ka chèche konn kijan pou soutni efò paran yo lè w ap anseye.

**Kesyon pou medite.** Nan efò m pou anseye timoun yo nan legliz la, kijan m ka bati sou eksperyans y ap fè nan fwaye yo?

**Egzanp nan ekriti yo.** Kisa Lespri a anseye m lè m ap reflechi sou egzanp paran fidèl yo nan Liv Mòmmon an? (Gade, paregzanp, 1 Nefi 1:1; Enòs 1:1–3; Alma 56:45–48).

### ITILIZE PLIZYÈ METÒD ANSÈYMAN

Se pa tout timoun yo ki menmjan, e chak timoun pwogrese rapidman. Efò ou pou anseye timoun yo ap pi efikas si w itilize plizyè kalite metòd ansèyman, tankou sa yo:

■ **Istwa.** Prensip levanjil yo pi fasil pou timoun yo konprann lè nou itilize yon istwa pou anseye yo. Istwa yo ede

timoun yo wè kijan levanjil la aplike nan lavi kotidyèn. Istwa nan ekriti yo espesyalman anseye doktrin nan avèk plis puisans—ou gen dwa itilize resi Joseph Smith la sou Preme Vizyon an, paregzanp, pou anseye sou lapriyè, sou revelasyon, simonte lopoziyon, ak sou nati Divinite a. Ou gen dwa itilize istwa nan pwòp lavi pa ou oubyen istwa nan revè Legliz yo. Lè w ap anseye jèn timoun yo, planifye sou fason pou enplike yo nan istwa a, paregzanp, yo ka kenbe foto yo, repete fraz, oswa jwe yon wòl.

■ **Èd vizyèl.** Èd vizyèl tankou imaj, videyo, ak objè kapab ede timoun yo pi byen konprann ak pi byen sonje istwa nan ekriti yo ak prensip yo anseye yo. Ou ka jwenn anpil imaj ak videyo nan Libreri Medya SDJ a nan LDS.org.

■ **Mizik.** Kantik yo ak chan yo kapab ede timoun yo santi amou Bondye, santi Lespri a, ak aprann verite levanjil yo. Melodi yo, rit yo ak senp mo yo kapab ede timoun yo sonje verite levanjil yo pandan dèzane. Lè w ap chante avèk timoun yo, ede yo dekouvri ak konprann prensip yo anseye nan chante yo. Pifò nan chan ki nan *Liv Chan Timoun yo* ak nan liv kantik Legliz la gen referans ekriti ke w ka itilize pou relye chan an avèk doktrin yo anseye nan ekriti yo.

**Kesyon pou medite.** Ki istwa, objè oswa chan m ka itilize pou fè yon prensip levanjil vin pi fasil pou yon timoun konprann?

**Egzanp nan ekriti yo.** Kisa m aprann sou fason Sovè a anseye nan Matye 18:1–5?

■ Gade videyo nan seksyon “Dirijan Mizik Primè a” (LDS.org).

### BAY TIMOUN YO OPÒTINITE POU EKSPRIME KREYATIVITE YO

Antanke pitit gason ak pitit fi Bondye, timoun yo ne pou yo kreye. Lè w envite timoun yo pou kreye yon bagay ki anrapò avèk yon prensip levanjil, w ap ede yo pi byen konprann prensip la, epi w ap ba yo yon rapèl reyèl sou sa yo te aprann nan. Yo ka itilize kapasite yo pou kreye a pou pataje sa yo aprann avèk lòt moun tou. Lè w ap anseye timoun, pèmèt yo konstwi, fè desen, kolorye, ekri, ak kreye. Aktivite sa yo se plis pase aktivite amizan—yo esansyèl pou aprantisaj la. Chak nimevo revè *Liahona* oswa *Zanmi an* gen aktivite kreyatif pou timoun yo.

**Kesyon pou medite.** Kijan m ka itilize aktivite kreyatif pandan m ap anseye?

### ANKOURAJE TIMOUN YO POU YO POZE KESYON

Timoun yo tou natirèlman plen kiryo-zite, epi yo gen anpil kesyon. Eseye konsidere kesyon yo kòm opòtinite, non pa kòm distraksyon oswa obstak pou leson w lan. Kesyon timoun yo se yon endikasyon ke yo pare pou aprann. Kesyon sa yo ba w ide valab sou sa timoun yo ap panse, sou ki pwoblèm yo genyen, ak kijan y ap reyaji ak sa y ap aprann yo. Ede yo wè ke repons kesyon yo genyen yo, yo ka jwenn yo nan ekriti yo ak nan pawòl pwofèt vivan yo.

**Kesyon pou medite.** Kijan m ka montre timoun yo nan klas mwen an ke m bay kesyon yo ak kiryo-zite yo valè?

**Egzanp nan ekriti yo.** Ki fason jèn Joseph Smith te beni pa yon envitasyon pou l te poze kesyon? (gade Joseph Smith—Istwa 1:10–20).

### ITILIZE TOUT SANS YO

Anpil timoun (ak grandèt) aprann pi byen lè plizyè sans enplike. Chèche jwenn mwayen pou ede timoun yo itilize sans tankou gade, koute, ak touche lè y ap aprann. Nan kèk sitiyasyon, ou gen dwa menm jwenn fason pou itilize sans odora ak gou tou!



### ENVITE TIMOUN YO POU PATAJE SA YO KONNEN

Lè timoun yo aprann yon bagay ki nouvo, yo tou natirèlman anvi pataje l avèk lòt moun. Ankouraje dezi sa a kote w ap bay timoun yo opòtinite pou yo anseye prensip levanjil yo youn pou lòt, pou manm fanmi yo, ak pou zanmi yo. Mande yo pou yo pataje avèk ou panse yo, santiman yo ak eksperyans yo parapò ak prensip w ap anseye a. W ap dekouvri ke yo gen ide ki senp, pi, epi puisan.

**Kesyon pou medite.** Ki verite levanjil m aprann nan men timoun yo?

**Egzanp nan ekriti yo.** Kisa m aprann nan egzanp Sovè a ki nan 3 Nefi 26:14 la?

### TRETE PÈTIBASYON YO AVÈK AMOU

Pafwa yon timoun aji nan fason ki pètibe aprantisaj lòt timoun yo nan klas la. Lè sa rive, se pou w gen pasyans, lanmou, ak konpreyansyon pou pwoblèm timoun sa a gen dwa ap travèse yo. Li gen dwa jis bezwen plis opòtinite pou l patisipe nan leson an nan fason pozitif—tankou kenbe yon foto, desine yon bagay sou tablo a, oswa li youn ekriti.

Si yon timoun kontinye pètibe klas la, li ta bon pou w pale avèk li an prive. Avèk amou ak pasyans, eksplike l sa w ap tann nan men li ak konfyans ou ke li ka suiv. Ou gen dwa envite

paran timoun nan oubyen yon manm prezidans Primè a pou patisipe nan konvèsasyon sa a tou.

Si timoun k ap kreye pètibasyon yo gen bezwen espesyal, pale avèk espesyalis andikap pawas oubyen pieu a oubyen ale nan disabilities.lds.org pou jwenn fason ou ka pi byen reponn bezwen sa yo.

**Kesyon pou medite.** Èske gen chanjman m ta ka pote nan fason m ap anseye ki ta ka ede yon timoun pètiban santi ke yo renmen li?

**Egzanp nan ekriti yo.** Kisa Pwovèb 15:1; Doktrin ak Alyans 18:10; ak 121:41–44 anseye m sou jere pètibasyon?

## POU MOUN K AP DIRIJE DISKISYON AN

### **Pataje ak konseye ansanm.**

Kòmanse pa mande enstriktè yo pou yo pataje kèk eksperyans ansèyman epi poze kesyon ki anrapò avèk ansenye.

**Aprann ansanm.** Envite enstriktè yo pou yo diskite sou youn oubyen plis

nan ide yo ki nan seksyon sa a. Pa eseye kouvri tout bagay nan yon sèl reyinyon.

**Pratike.** Envite enstriktè yo pou yo jwe wòl anseye yon timoun yon prensip levanjil, pandan y ap itilize sigiesyon yo ki nan seksyon sa a. Ou

gen dwa envite kèk timoun Primè nan reyinyon an tou pou yo ka anseye yo. Apresa, bay enstriktè yo tan pou pataje kòmantè yo.

**Prepare.** Deside ansanm sou yon sijè pou pwochen reyinyon an, epi mande enstriktè yo pou prepare yo.

## Anseye jèn yo

Anpil eksperyans ki ekri nan ekriti yo demontre ke Bondye gen konfyans nan kapasite espiyèl jèn yo. Samyèl sete jis yon ti gason lè l te tande vwa Senyè a nan tanp lan. Mòmon te gen dizan sèlman lè l te demontre don espiyèl ki te kalifye l pou misyon sakre l la. Joseph Smith te gen katòzan lè yo te konfyè l revelasyon ki te kòmanse Retablisman an. Epi Sovè a limenm te gen douzan lè yo te jwenn ni nan tanp lan, ap anseye e angaje nan travay Papa l la. Si w se yon enstriktè jèn moun, ou gen opòtinite pou w ede yo akonpli gwo travay Pè Selès la prepare pou yo fè a.

### SOUTNI PARAN YO

Senyè a bay paran yo responsablite prensipal pou yo anseye pitit yo. Se poutèt sa, lè w ap eseye anseye jèn yo nan fason Sovè a, efò ou dwe soutni efò paran yo. Pataje avèk paran jèn yo sa w ap anseye yo a. Konsilte yo pou aprann bezwen jèn yo nan klas ou a ak pi bon fason pou ede yo reponn bezwen sa yo. Ou ka kominike avèk paran yo atravè mesaj regilye oubyen mesaj tèks oubyen ou gen dwa vle rankontre yo tanzantan.

Fè sa w kapab pou fòtifye relasyon ant jèn yo ak paran yo. Jèn yo gen dwa pafwa santi yo pi alèz pou pale avèk ou lè yo bezwen konsèy, men otan sa posib, ankouraje yo tou pou yo chèche konsèy nan men enstriktè ki pi enpòtan nan lavi yo a—paran yo.

**Kesyon pou medite.** Ki mwayen apwopriye m ka itilize pou m ka travay ansanm ak paran jèn m ap anseye yo?

**Egzanp nan ekriti yo.** Ki enpresyon m genyen konsènan jèn m ap anseye yo lè m li istwa 2.000 jèn gèrye Elaman yo? (gade Alma 53:17–21; 56:47; 57:21).

▶ Gade demonstrasyon sou ansèyman ki nan videyo “Fòtifye Fanmi nou” an tou(LDS.org).



### FIKSE BI KI ELVE, EPI AVÈK PASYANS, EDE JÈN YO AKONPLI YO

Nan kèk fason, anseye jèn yo difèran avèk anseye adilt. Jèn yo souvan gen mwens eksperyans avèk levanjil la e yo ka santi yo mwens alèz pou yo fè kòmantè nan klas la. Yo gen dwa pa ka pote atansyon lontan epi yo bezwen yon metòd ansèyman pi varye, tankou leson objè, istwa lavi reyèl ak èd vizyèl. Gen kèk jèn ki ankò ap aprann sa k akseptab nan yon klas e yo gen dwa eseye pouse limit bon konpòtman an lwen. Pafwa yo pa santi kwayans yo asire e yo pa gen asirans nan tèt yo.

Men, jèn yo gen potansyèl pou yo reyalize bagay remakab nan sèvis Senyè a. Èldè David A. Bednar te di:

“Mwen kwè jenerasyon jèn sa a plis plonje nan ekriti yo, yo pi byen konnen pawòl pwofèt yo, e yo pi fasilman tounen vè revelasyon yo pou yo jwenn repons pase tout lòt jenerasyon anvan yo.”<sup>1</sup> Epi Prezidan J. Reuben Clark Jr. te pataje menm konfyans sa a nan jèn yo tou: “Jèn yo nan Legliz la gen swaf pou bagay Lespri yo; yo pi gen dezi pou aprann levanjil la, epi yo vle l dwat, san tòdye li.”<sup>2</sup>

Si jèn yo santi ou kwè nan yo, konfyans yo nan potansyèl divin yo ap grandi, epi w ap etone wè sa yo ka akonpli. Di yo jantiman ke w konnen yo ka pran responsablite pwòp aprantisaj yo epi yo ka pran angajman pou respekte prensip Senyè a bay yo. Ede yo wè vizyon sa Pè Selès la konnen yo ka devni.

## POU MOUN K AP DIRIJE DISKISYON AN

### **Pataje ak konseye ansanm.**

Kòmanse pa mande enstriktè yo pou yo pataje kèk eksperyans ansèyman epi poze kesyon ki anrapò avèk anseye.

**Aprann ansanm.** Envite enstriktè yo pou yo diskite sou youn oubyen plis

nan ide yo ki nan seksyon sa a. Pa eseye kouvri tout bagay nan yon sèl reyinyon.

**Pratike.** Envite enstriktè yo pou yo fè jwe wòl pou ede jèn yo dekouvri verite a poukont yo nan ekriti yo. Kijan yo ka enspire jèn yo pou yo

jwenn verite a san yo pa ba yo tout repons yo? Ki konsèy oswa rekòmandasyon chak enstriktè ka bay lòt?

**Prepare.** Deside ansanm sou yon sijè pou pwochen reyinyon an, epi mande enstriktè yo pou prepare yo.



Natirèlman, jèn yo gen anpil bagay pou yo aprann toujou—menmjan ak nou tout. Suiv egzanp Sovè a nan kontinye renmen yo ak ankouraje yo, travay avèk yo ak pasyans, epi pa janm dekouraje avèk yo.

**Kesyon pou medite.** Kisa m ap atann nan men jèn m ap anseye yo? Kijan m ka ekspri konfyans mwen nan yo?

**Egzanp nan ekriti yo.** Kisa ekriti yo anseye m sou sa Sovè a ap atann nan men disip li yo? (Gade, paregzanp, Matye 5:48; Jan 13:34–35; 14:12).

Gade seksyon “Renmen moun w ap anseye yo” tou nan manyèl sa a.

### BAY JÈN YO OPÒTINITE POU YOUN ANSEYE LÒT

Jèn yo anseye youn lòt tout tan—yo pataje eksperyans, yo ede yon zanmi konprann yon prensip levanjil, oubyen yo tabli yon egzanp atravè aksyon yo. Ba yo anpil opòtinite pou youn anseye lòt nan klas la, paske yo souvan aprann pi byen youn nan men lòt ak nan eksperyans anseye a tou. Lè w envite jèn yo pou yo anseye, pran tan pou ede yo prepare konvenableman. Pataje avèk yo kèk nan prensip ki nan manyèl sa yo, epi eksplike yo kisa pou yo fè pou prepare yo pou anseye. Konsidere modèl sa a: *eksplike* yon prensip ou ta renmen yo konprann, *demonstre* kijan pou yo aplike li, kite yo *pratike* li, *evalye* efò yo epi ba yo chans pou *pratike ankò*.

Nan fason sa a w ap ede yo non sèlman pou yon leson men pou tout yon lavi ansèyman levanjil nan fason Sovè a.

**Kesyon pou medite.** Kiyès nan klas mwen an ki t ap benefisye yon opòtinite pou anseye? Kijan m ka ede l fè yon eksperyans pozitif?

**Egzanp nan ekriti yo.** Lè m li Lik 2:40–52, kisa Lespri a anseye m sou jèn yo nan klas mwen an?

▶ Gade videyo “Annou anseye” a tou (LDS.org).

### EDE JÈN YO DEVLOPE OTONOMI ESPIRITYÈL

Pou yo ka siviv espiyèlman nan tan danjere sa yo e pou yo ka akonpli misyon Senyè a genyen pou yo a, jèn w ap anseye yo ap bezwen pwòp rezèv lafwa ak temwayaj pa yo. Y ap bezwen konn kijan pou yo jwenn fòs pandan epèv yo ak kijan pou yo jwenn repons pou kesyon yo. Yo pa pral ka konte sou oumenm oubyen sou paran yo.

Lè w ap anseye yo, olye ke w senpleman transmèt yo enfòmasyon, ede jèn yo dekouvri verite levanjil yo pèsònèlman nan ekriti yo ak nan pawòl pwofèt yo. Lè yo poze kesyon, li ta pi bon pafwa pou w anseye yo kijan pou yo jwenn repons pou tèt pa yo, olye ke w reponn kesyon yo tousuit. Paregzanp, ou gen dwa montre yo kijan pou yo itilize èd etid ki nan ekriti yo oubyen nan seksyon Sijè Levanjil yo nan LDS.org. Ou gen dwa pataje kijan ou chèche ak kijan ou resevwa revelasyon pèsònèl tou. Ankouraje yo pou yo pran abitud pou priye ak etidye ekriti yo atantivman chak jou tou. Atravè pawòl ou ak egzanp ou, anseye yo sou bèl lajwa ki soti nan aprann ak viv levanjil la.



**Kesyon pou medite.** Èske jèn m ap anseye yo konnen sa pou yo fè lè yo gen kesyon oswa sousi sou levanjil la? Kijan m ka ede yo vin pi otonòm espiyèlman?

**Egzanp nan ekriti yo.** Kisa sa vledi “bati fondasyon nou” sou Jezikri? (Elaman 5:12). Kijan m ka ede jèn yo fè sa?

1. David A. Bednar, “Yon rezèwva dlo vivan” (Kwèndfe Sistèm Edikatif Legliz la pou jèn adilt yo, 4, 2007), 2, LDS.org.
2. J. Reuben Clark Jr., *The Charted Course of the Church in Education*, edisyon revize (1994), 3; gade tou [lds.org/bc/content/ldsorg/manual/seminary/32709\\_000.pdf](https://www.lds.org/bc/content/ldsorg/manual/seminary/32709_000.pdf), p. 3.

## BYEN UTILIZE TEKNOLOJI A

Si jèn w ap anseye yo gen pwòp aparèy elektwonik pa yo, sonje ke aparèy sa yo pa oblije yon distraksyon—yo ka anfèt bon zouti pou amelyore aprantisaj la. Ankouraje jèn yo pou chèche ekriti yo ak lòt resous Legliz la nan aparèy sa yo pou yo ka reponn kesyon. Ou gen dwa voye mesaj ak lyen bay jèn yo pandan semèn nan tou pou ede yo prepare pou leson apre yo.



## Envite aprantisaj dilijan

(Manyèl 2: Administrasyon Legliz la [2010], 5.5.4)

Yon vrè enstriktè levanjil pap satisfè lè manm klas li yo kontante yo senpleman koute sa l gen pou l di. Aprantisaj levanjil la pa dwe yon eksperyans pasif. Se yon zak lafwa ak efò dilijan. Lè w ap prepare pou w anseye, olye ke w panse “Kisa m pral anseye?” mande tèt ou, “Kisa manm klas mwen yo pral fè pou yo aprann? Kijan m pral ede yo dekouvri levanjil la pou tèt pa yo? Kijan m pral motive yo pou yo aji?” Èldè David A. Bednar nan Kolèj Douz Apot yo te pataje pwovèb familye sa a: “Lè w bay yon moun yon pwason, li manje yon fwa. Lè w aprann yon moun peche, ou nourri l pou tout yon lavi.” Apresa li te anseye: “Antanke paran ak enstriktè levanjil, oumenm avèk mwen pa nan biznis pou n distribye pwason, men, travay nou se ede [moun n ap anseye yo] aprann ‘peche (pwason)’ ak vin esprityèlman solid.”<sup>1</sup>

### ANKOURAJE APRANTISAJ ANDEYÒ KLAS LA

Etid levanjil yon fwa pa semèn pa ase pou fòtifye manm klas yo kont tantasyon ak twonpri advèsè a. Aprantisaj levanjil la dwe santrè sou efò n ap fè chak jou lakay nou, ansanm ak etid pèsònèl ak famiyal. Sa w ap di ak sa w ap fè antanke enstriktè kapab ranfòse prensip sa a. Bay manm klas yo envitasyon presi pou yo etidye levanjil la andeyò klas la, epi mande yo regilyèman pou yo pataje sa yo aprann. Paregzanp, ou gen dwa envite tout manm klas yo pou yo vin nan klas la prepare pou pataje yon pasaj enpòtan yo te jwenn nan yon tach ou te bay pou yo te li. Oubyen ou gen dwa envite youn nan manm klas la pou prepare pou anseye yon pati nan leson an. Ou gen dwa menm bay jèn timoun yo envitasyon pou yo aprann andeyò klas la, ak sipò paran yo.

Yon ankourajman pou aprann lakay dwe plis pase jis yon rapèl sou yon tach pou fè lekti. Li dwe motivan ak enspiran. Paregzanp, ou gen dwa di: “Si w ta renmen amelyore kapasite w pou rekonèt enspirasyon Lespri yo, w ap jwenn ide ki valab nan Doktrin ak Alyans 8–9. M envite ou pou w li seksyon sa yo anvan pwòchèn klas nou an.”

### ÈD POU ETID EKRTI

Referans ekriti yo, Gid Ekriti yo, ak Diksyonè Bib la se resous valab pou ede nou konprann ekriti yo. Reflechi sou konsepsyon doktrinal sa a ki nan sa yo ekri sou lapriyè nan Diksyonè Bib la: “Objektif lapriyè se pa pou chanje volonte Bondye men se pou nou jwenn, pou nou menm ak pou lòt moun, benediksyon Bondye deja dispoze pou akòde yo, men a kondisyon ke nou mande yo” (Diksyonè Bib la, “Lapriyè”).

**Kesyon pou medite.** Kijan m ta ka itilize tan klas la diferaman palefèt ke m konsidere fwaye a kòm sant aprantisaj levanjil la?

**Egzanp nan ekriti yo.** Lè Jezi te anseye Nefit yo apre Rezirèksyon l lan, poukisa ou panse li te bayo enstriksyon pou yo te retounen lakay yo pou yo t al medite ak priye sou pawòl li yo? (gade 3 Nefi 17:2–3).

Gade seksyon “Sipòte aprantisaj levanjil la nan fwaye a” nan manyèl sa a tou.

### METE RESPONSABLITE SOU DO MOUN K AP APRANN YO

Pandan ke wòl enstriktè a enpòtan an, se moun k ap aprann yo ki gen responsablite final pou pwòp aprantisaj yo. Panse sou fason ou ka ede yo aksepte ak ranpli responsablite sa a. Paregzanp, lè yo li yon ekriti nan klas, anvan pou w pataje ide ou, ou gen dwa mande manm klas yo kisa yo aprann nan pasaj la. Fè yo konnen ke ou p ap chèche yon repons presi men ke ou sensèman enterese nan sa y ap aprann. Ou gen dwa dekouvri ke kesyon ak ide ki envite Lespri yo osi souvan soti nan yon manm dilijan nan klas la osibyèn ke nan enstriktè a.

**Kesyon pou medite.** Ki kèk bagay m ka fè pou ede manm klas mwen yo pran responsablite pwòp aprantisaj yo.

**Egzanp nan ekriti yo.** Kijan Sovè a te ankouraje disip li yo pou yo pran responsablite aprantisaj yo? (Gade, paregzanp, Lik 10:25–28; Etè 2:22–25).

### EKSPRIME KONFYANS OU ATRAVÈ ATANT KI WO

Gen kèk manm klas la ki gen dwa pa gen konfyans nan kapasite yo pou aprann levanjil la poukont pa yo. Èldè Bruce R. McConkie te anseye: “Chak [moun] gen aksè nan menm ekriti yo epi yo gen dwa a gidans menm Sentespri a.”<sup>2</sup> Lè w ekspri konfyans ou nan manm klas ou yo epi ou temwaye ke Sentespri a ap anseye yo, w ap ede yo elve tèt yo nan nivo gwo espwa Senyè a genyen nan moun k ap aprann levanjil yo. Anpil nan yo pap janm konnen sa yo ka akonpli si w pa envite yo epi ankouraje yo pou yo depase tèt yo. Pataje avèk yo envitasyon enspiran sa a Prezidan Dieter F. Uchtdorf te bay: “M envite nou pou nou . . . vin ekspè nan doktrin levanjil yo.”<sup>3</sup>

**Kesyon pou medite.** Kisa lòt moun te fè pou te ede m gen konfyans nan kapasite m pou aprann levanjil la?

**Egzanp nan ekriti yo.** Sovè a te ekspri konfyans li nan disip li yo kote l te ba yo envitasyon ki te difisil men reyalizab (gade paregzanp, Lik 5:1–11). Kisa m ka fè pou suiv egzanp li?

### ANKOURAJE PATAJ

Lè moun k ap aprann yo pataje sa y ap aprann, yo non sèlman santi Lespri a epi fòtifye temwayaj yo, men yo ankouraje lòt manm klas yo pou yo dekouvri verite yo poukont pa yo tou. Anplis pataje sa ou te aprann nan etid ou a, ankouraje yo pou yo pataje tou. Ou gen dwa poze kesyon tankou: “Ki verite ki parèt devan w nan vèsè sa

yo?" oubyen "Kisa ou aprann sou lonje lamèn bay moun ki pèdi yo lè w li istwa Prezidan Monson nan?" Timoun pitit yo gen dwa pataje pa mwayen desen oubyen rakonte istwa. Rezève tan pou etidyan yo fè pataj nan chak leson—nan kèk ka, ou gen dwa vin wè ke diskisyon sa yo se lesan.

**Kesyon pou medite.** Ki fason m ka ankouraje manm klas yo pou yo pataje sa y ap aprann?

**Egzanp nan ekriti yo:** Lik 10:1–9 rapòte ke Sovè a te voye disip li yo al pataje sa yo te aprann nan men l yo. Kijan eksperyans sa a te pote benediksyon pou yo? (gade vèsè 17–24).

### ANSEYE MOUN K AP APRANN YO POU YO JWENN REPONS NAN EKRI TI YO

Yon moun ki konn kijan pou l jwenn sans nan ekriti yo epi ki konsilte yo chak jou ap kapab gen aksè nan gidans divin pou simonte nenpòt pwoblèm. Yon moun konsa pap depann sou yon enstriktè pou fòs espiyèl. Lè w ap anseye, poze kesyon ki oblije manm klas yo al chèche repons nan ekriti yo. Sa k pi bon toujou, se ede yo aprann kijan pou poze pwòp kesyon pa yo. Ede yo wè ke menmsi ekriti yo te ekri sa gen anpil ane, yo gen repons Senyè a pou kesyon ak pwoblèm nou tout ap rakontre yo.

**Kesyon pou medite.** Ki konsèy m ka bay manm klas yo pou ede yo fè pi bon eksperyans avèk jwenn repons nan ekriti yo?



**Egzanp nan ekriti yo.** Kisa m aprann nan egzanp Nefi ki nan 1 Nefi 19:22–24 ak 2 Nephi 25:1–4 la?

### ENVITE MOUN K AP APRANN YO POU YO EKRI SA YO SANTI

Ankouraje manm klas yo pou yo ekri enpresyon yo resevwa nan men Lespri a lè y ap etidye levanjil la. Pou jèn timoun yo sa gen dwa vle di fè yon desen oubyen pataje pansè yo avèk paran yo. Anseye manm klas yo ke pafwa, pandan yon diskisyon nan klas la, Lespri a ap anseye yo kèk bagay ki pa janm repete fò. Èldè Richard G. Scott te anseye: "Ekri bagay enpòtan nou aprann nan men Lespri yo nan yon kote ki asire. N ap wè ke si nou ekri enpresyon presye sa yo, n ap resevwa plis pi souvan. Epi tou, konesans n ap akeri yo ap disponib pandan tout lavi nou."<sup>4</sup>

**Kesyon pou medite.** Kilè m te jwenn benediksyon nan ekri yon enpresyon espiyèl?

**Egzanp nan ekriti yo.** Sovè a te mande Nefit yo pou yo ekri sa yo te anseye yo (gade 3 Nefi 16:4; 23:4, 11; 27:23). Ki benediksyon ki soti nan kòmandman sa a?

1. David A. Bednar, "Veillez avec une entière persévérance," *Ensign oswa Liahona*, Me 2010, 42–43.
2. Bruce R. McConkie, "Finding Answers to Gospel Questions," nan *Charge to Religious Educators*, 3rd ed. (1994), 80; gade tou [lds.org/manual/teaching-seminary-preservice-readings-religion-370-471-and-475](http://lds.org/manual/teaching-seminary-preservice-readings-religion-370-471-and-475).
3. Dieter F. Uchtdorf, "Votre potentiel, vos droits sacrés," *Ensign oswa Liahona*, Me 2011, 59.
4. Richard G. Scott, "Acquérir la connaissance et la force de l'utiliser avec sagesse," *Liahona*, Août 2002, 12–14.

## POU MOUN K AP DIRIJE DISKISYON AN

### **Pataje ak konseye ansanm.**

Kòmansè pa mande enstriktè yo pou yo pataje kèk eksperyans ansèyman epi poze kesyon ki anrapò avèk anseye. Sa ka yon opòtinite pou montre fason pou envite manm klas yo aprann ak dilijans.

**Aprann ansanm.** Envite enstriktè yo pou yo diskite sou youn oubyen plis nan ide yo ki nan seksyon sa a.

**Pratike.** Anvan reyinyon an, mande chak enstriktè pou yo etidye yon prensip levanjil epi vin nan reyinyon an prepare pou yo motive lòt

enstriktè yo pou yo aprann prensip la tou. Ki fason metòd sa a diferan de senpleman anseye lòt yo prensip la? Kijan l ap beni yo?

**Prepare.** Deside ansanm sou yon sijè pou pwochen reyinyon an, epi mande enstriktè yo pou prepare yo.

## Poze kesyon ki enspire

Sovè a te konn poze kesyon ki te envite moun yo reflechi ak santi verite li t ap anseye yo pwofondeman. Menmjan tou, kesyon nou yo kapab pouse manm klas yo pou yo medite sou verite levanjil yo ak pou yo jwenn mwayen pou aplike yo nan lavi yo. Yon kesyon enspire se yon envitasyon pou manm klas yo dekouvri verite levanjil yo poukont pa yo ak pou evalye konpreyansyon yo ak angajman yo nan verite sa yo. Kesyon enspire yo kapab fè aprantisaj levanjil la vin yon eksperyans ki pi plezan ak pi siyifikan pèsònèlman.

### POZE KESYON KI AP EDE MANM KLAS YO AKERI YON KONESANS DEBAZ SOU VERITE ETÈNÈL YO

Anvan manm klas yo kapab diskite sou yon istwa nan ekriti yo oubyen sou yon prensip levanjil, yo bezwen konprann ni. Kèk nan kesyon w yo ka ankouraje yo pou yo sonde ekriti yo pou yo ka akéri yon konesans debaz sou yon istwa oswa yon prensip. Kesyon sa yo souvan gen repons ki presi, men li jeneralman pi bon pou w ta kite manm klas yo dekouvri repons yo pou tèt pa yo. Paregzanp, si w t ap etidye Matye 26:36–46, ou ta ka mande: “Ki detay nou jwenn nan vèsè sa yo ki dekri eksperyans Sovè a nan Jaden Jetsemani an? Kisa l te fè pou nou nan kote sa a?” Oubyen, si w ap anseye jèn timoun, ou gen dwa dekri eksperyans Sovè a nan Jetsemani an nan pwòp tèm pa ou epi apresya mande yo pou yo di w kisa Jezi te fè nan kote sa a.

Diskisyon sa yo sipoze ale odela detay yo nan istwa a, osi enpòtan ke yo ka ye. Poze kesyon ki ap ede manm klas ou yo dekouvri prensip levanjil yo—verite etènèl ak detèminan ki nan ekriti yo.

**Kesyon pou medite.** Ki istwa nan ekriti yo oswa prensip manm klas mwen yo bezwen konprann nan yon pwochèn leson? Ki kesyon m ta ka

poze pou ede yo akéri yon konpreyansyon debaz apati ekriti yo?

**Egzanp nan ekriti yo.** Kisa m aprann nan kesyon Sovè a te poze nan Lik 10:25–28 yo?

### POZE KESYON KI TOUCHE KÈ AK LESPRI

Lè manm klas yo fin gen yon konesans debaz sou yon istwa oswa yon prensip, poze yo kesyon ki ap ede yo medite sou siyifikasyon li pou ke istwa a oswa prensip la ka touche kè yo ak lespri yo. Ou gen dwa mande yo pou yo pataje sa yo te santi apwopo yon pasaj ekriti, kijan moun nan ekriti yo dwe te santi yo, oubyen kijan verite ki nan pasaj ekriti a anrapò avèk lavi nou. Paske repons pou kesyon sa yo souvan apiye sou santiman ak eksperyans manm klas yo, kesyon sa yo pa jeneralman gen yon sèl repons kòrèk. Souvan kesyon sa yo kòmanse avèk fraz tankou “selon ou menm” oswa “kijan w santi w.” Paregzanp, ou gen dwa mande: “Kijan ou panse Apot yo te santi yo lè yo t ap mache al nan Jaden Jetsemani an avèk Sovè a? Kisa w santi apwopo sa Jezi te fè a nan kote sa a? Kijan lavi nou beni palefèt ke Sovè a te soufri nan Jaden an?”

**Kesyon pou medite.** Kijan kesyon tankou sa yo kapab enspire manm klas yo pou yo pote chanjman nan lavi pa yo?

**Egzanp nan ekriti yo.** Kilè Sovè a oswa lòt moun nan ekriti yo te poze kesyon ki te pouse meditasyon sensè? (gade, paregzanp, Matye 16:13–15; Jan 1:37–38).

📺 Gade videyo “Poze nou Kesyon” an (LDS.org).

### POZE KESYON KI ENVITE MANM KLAS YO POU YO AJI

Gen kèk kesyon ki ka pouse manm klas yo aplike sa yo aprann yo ak pran angajman pou viv prensip yo pi totalman. Nan pifò ka, kesyon sa yo ta dwe envite yo pou yo koute enspirasyon Lespri yo konsènan sa yo dwe fè. Paregzanp, ou gen dwa mande: “Pandan nou t ap diskite sou soufrans Sovè a nan Jetsemani an, ki enpresyon espiyèl nou te resevwa?” oubyen “Kisa nou pral fè diferaman akoz sa nou aprann jodia yo?” Kesyon sa yo jeneralman pa kesyon diskisyon, yo se kesyon pou refleksyon pèsònèl. Manm klas yo dwe pataje repons yo sèlman si yo santi yo alèz pou fè sa.

**Kesyon pou medite.** Ki fason kesyon ki te poze pa enstriktè enspire te apwofondi angajman mwen anvé Jezikri?

**Egzanp nan ekriti yo.** Kisa m aprann nan fason Alma te envite pèp li a pou yo batize a? (gade Mozya 18:7–12).

Gade seksyon “Envite manm klas yo pou yo aji” a nan manyèl sa a tou.

### POZE KESYON KI ENVITE MANM KLAS YO RANN TEMWAYAJ YO

Poze kesyon k ap ankouraje manm klas yo rann temwayaj yo sou prensip y ap anseye yo a se ka yon mwayen efikas pou envite Lespri a. Pandan y ap medite sou kesyon sa yo, y ap vin rekonèt moman kote yo te wè men Senyè a manifeste nan lavi yo. Temwayaj yo—ak temwayaj lòt manm

## PA PÈ SILANS

Bon kesyon pran tan pou jwenn repons. Yo mande meditasyon, rechèch, ak enspirasyon. Tan w pase ap tann repons pou yon kesyon an kapab yon moman meditasyon sakre. Evite tantasyon pou entèwonp tan sa a twò bonè nan reponn kesyon an oumenm oubyen nan pase sou yon lòt sijè. Di manm klas yo ke w ap ba yo tan pou yo medite anvan yo reponn.



yo nan klas la—ap grandi pandan ke Lespri a ap temwaye sou verite a. Pou envite yo temwaye, ou gen dwa poze kesyon tankou: “Kijan w te fè vin konnen Jezi te ekspye pou peche nou?” oubyen “Kijan w te fè vin apresye sa Sovè a te fè pou nou nan Jetsemani an?” oubyen, si w ap anseye jèn timoun, “Kisa w santi apwopo Jezi?”

**Kesyon pou medite.** Kisa ki te pouse manm klas mwen yo rann temwayaj yo? Ki fason m ka ankouraje yo pou yo temwaye?

**Egzanp nan ekriti yo.** Ki efè kesyon Wa Benjamen an nan Mozya 5:1 an te fè sou pèp li a? (gade tou vèsè 2–5 tou). Kijan m ka aplike egzanp sa a lè m ap anseye?

### POZE KESYON KI ANKOURAJE MANM KLAS YO EVALYE TÈT YO

Lè Alma te preche pèp Zarayemla a, li te poze yo kesyon ki fè yo reflechi, tankou kesyon sa yo: “Èske nou fèt espiyèlman nan Bondye? . . . Èske nou te santi gwo chanjman sa a nan kè nou?” (Alma 5:14). Ou gen dwa poze menm kesyon konsa pou ankouraje manm klas ou yo evalye konpòtman yo ak angajman yo nan levanjil la—paregzanp, “Èske w gen lafwa pou w peye dim?” oubyen “Èske w di manm fanmi ou ke w renmen yo?” Di manm klas yo ke yo pa bezwen reponn kesyon sa yo awotvwa; objektif



kesyon sa yo se pou ede yo evalye konpòtman yo ak angajman yo nan levanjil la an prive.

**Kesyon pou medite.** Kilè yon kesyon enspire te ede m evalye pwogrè espiyèl mwen ak angajman mwen? Ki kesyon m ta ka poze pou ankouraje moun m ap anseye yo evalye tèt yo?

**Egzanp nan ekriti yo.** Lè m li Jan 21:15–17, kisa ki atire atansyon m nan kesyon Jezikri te poze Pyè yo?

### POZE KESYON KI PÈMÈT OU EVALYE KONPREYANSYON

Pou detèmine si manm klas yo konprann yon prensip, eseye poze yon

kesyon tankou “Kisa nou aprann osijè Sakrifis Ekspyatwa Jezikri a?” Yon kesyon ki ba yo okazyon pou deklare yon prensip levanjil nan pwòp mo pa yo—espesyalman si w poze l nan kòmansman klas la—kapab ede w konnen ki kantite tan ou bezwen pase ap etidye prensip sa a nan klas la.

**Kesyon pou medite.** Ki lòt mwayen m genyen pou m evalye sa manm klas yo konprann?

**Egzanp nan ekriti yo.** Kijan Amon te evalye konpreyansyon Wa Lamoni? (gade Alma 18:24–36).

## POU MOUN K AP DIRIJE DISKISYON AN

### **Pataje ak konseye ansanm.**

Kòmans pa mande enstriktè yo pou yo pataje kèk eksperyans ansèyman epi poze kesyon ki anrapò avèk ansenye.

**Aprann ansanm.** Envite enstriktè yo pou yo diskite sou youn oubyen plis

nan ide yo ki nan seksyon sa a. Pa eseye kouvri tout bagay nan yon sèl reyinyon.

**Pratike.** Mande enstriktè yo (endividyèlman oubyen an gwoup) pou yo suiv direksyon ki nan seksyon sa yo epi ekri kèk kesyon yo panse ki ta ka benefisye manm klas yo nan pwòchèn leson an. (Li gen dwa itil

pou bay enstriktè yo envitasyon sa a kèlke jou anvan reyinyon an pou yo ka vini tou prepare.) Envite enstriktè yo pou yo pataje kesyon yo youn avèk lòt epi pou yo fè kòmantè.

**Prepare.** Deside ansanm sou yon sijè pou pwòchèn reyinyon an, epi mande enstriktè yo pou prepare yo.



## Anime diskisyon ki enspire

Lè Sovè a t ap anseye, Li te fè plis pase kontante l pataje enfòmasyon. Li te bay disip li yo opòtinite pou yo te poze kesyon ak pataje temwayaj yo. Modèl ansèyman ak aprantisaj li a envite nou pou nou “youn anseye lòt doktrin wayòm nan” pou “tout moun kapab edifye akoz tout moun, epi pou chak moun kapab genyen yon privilèj egal” (D&A 88:77, 122). Antanke enstriktè, ou ka ankouraje diskisyon edifyan ki anrichi pa eksperyans ak temwayaj manm klas yo. Menm timoun piti yo souvan gen anpil pou yo pote. Yon bon jan diskisyon se pa objektif prensipal ou antanke enstriktè, men li ka soutni objektif sa a—pou ede manm klas yo ogmante lafwa yo nan Jezikri ak vin plis sanble avèk li.

### KREYE YON ANVIWONMAN KI ANKOURAJE DISKISYON

Klas yo ak reyinyon yo nan Legliz la bay Sen Dènye Jou yo opòtinite pou youn fòtifye lòt nan pataje panse, eksperyans, ak temwayaj. Anbyans ou kreye nan sal klas la kapab ede pou ankouraje kalite kominikasyon sa yo. Pawòl ou, aksyon ou—menm jan w ranje sal la, ansanm avèk limyè a ak dispozisyon chèz yo—kapab ede etabli yon espri respè youn pou lòt ak aprantisaj aktif.

**Kesyon pou medite.** Kisa m ka chanje nan atmosfè klas mwen an pou ankouraje plis diskisyon edifyan?

**Egzanp nan ekriti yo.** Jan yo ekri nan Jan 21:8–12, la, kisa Jezi te fè pou prepare yon anbyans kote li te ka efikasman anseye disip li yo? Kijan m ka suiv egzanp li?

📺 Gade videyo “Nou Pataje” a (LDS.org).

### POZE KESYON KI ANKOURAJE REFLEKSYON

Yon bon diskisyon souvan kòmanse avèk yon bon kesyon—yon kesyon ki envite moun yo panse pwofondeman sou levanjil la. Paregzanp, ou gen dwa mande, “Ki verite doktrinal yo anseye nan resi Joseph Smith la sou Premye Vizyon an?” oubyen “Kijan

Premye Vizyon Joseph Smith la fè yon diferans nan lavi ou?”

Lè w poze kalite kesyon sa a, bay manm klas yo tan pou yo reflechi sou repons yo. Pafwa lefèt ke w ekri kesyon an sou tablo a alavans kapab ankouraje refleksyon. Ou gen dwa menm fè manm klas yo konnen ke w vle pou yo pran yon ti tan pou reflechi anvan yo reponn. Envite yo pou yo mande Pè Selès la an silans pou l enspire yo pandan y ap reflechi sou kesyon an. Nan moman kontanplasyon trankil sa yo, Lespri a ka touche kè yo.

**Kesyon pou medite.** Ki kesyon m ta ka poze nan pwochèn leson m nan pou enspire refleksyon ak diskisyon?

**Egzanp nan ekriti yo.** Kisa m aprann nan kesyon Sovè a te poze yo? (Gade, paregzanp, Matye 16:13–17; Lik 10:25–26).

### PÈMÈT TOUT MOUN PATISIPE

Chak moun gen yon bagay pou yo pote, men pafwa se pa tout moun ki jwenn chans pou fè sa. Enstriktè k ap anseye nan fason Kris la enterese nan aprantisaj chak moun, non pa jis moun k ap pale yo. Chèche kijan pou w ogmante kantite manm nan klas la ki ka pataje temwayaj yo. Paregzanp:

■ Ou gen dwa divize manm klas yo an de oubyen an ti gwoup, oubyen menm an klas ki pi piti, si episkopa a apwouve sa.

■ Ou ka envite manm klas yo pou yo ekri panse yo oswa santiman yo epi mande kèk nan yo pou pataje sa yo te ekri yo.

■ Ou gen dwa di “Annou tande yon moun ki poko pale” oubyen “sa se yon kòmante enteresan. Kisa rès klas la panse?”

■ Si w ap anseye timoun piti, ou gen dwa imajine yon jwèt senp ki enplike tout moun.

Ou gen dwa santi w enspire pou envite yon moun espesifik pou pale—petèt paske li gen yon pwendvi diferan ke lòt yo ta ka benefisyè ladan. Panse pou w poze kesyon ki fè apèl ak eksperyans ak kalite yon moun tankou “Kisa eksperyans ou kòm manman anseye w sou renmen nan fason Kris la?”

Veye pou w pa sitèlman plonje nan leson an ke w bliye remèsye manm klas yo pou patisipasyon yo. Yo bezwen konnen ke w apresye volonte yo pou pataje ide yo ak temwayaj yo.

**Kesyon pou medite.** Akote fè kòmante oswa pataje eksperyans lan, ki kèk lòt mwayen manm klas yo kapab patisipe?

**Egzanp nan ekriti yo.** Kijan Sovè a te enkli moun yo te souvan neglije yo? (gade Mak 10:13–16; Jan 4:3–42).

### KITE LESPRI A GIDE OU

Lè w ap fè diskisyon yo, kite Sentespri a gide ou. Asire w ke diskisyon yo toujou pozitif ak ankourajan. Pa fini yon diskisyon enspiran twò bonè poutèt pou w ka kouvri tout sa ki nan leson

### POZE KESYON KI ENSPIRE

Bon kesyon yo ka fè diferans ant yon diskisyon enspire ki bati lafwa ak temwayaj ak youn ki senpleman enteresan oubyen menm inital. Pou plis enfòmasyon sou poze kesyon ki enspire, gade seksyon “Poze kesyon ki enspire a” nan manyèl sa a.



an, espesyalman si w apèsi diskisyon an enpòtan pou moun w ap anseye yo.

**Kesyon pou medite.** Kijan m ka fè konnen lè yon diskisyon gide pa Lespri a? Kijan m ka fè konnen lè pou m fini yon diskisyon e pase nan yon lòt bagay?

**Egzanp nan ekriti yo.** Kisa m aprann nan Doktrin ak Alyans 50:21–22 sou suiv Lespri a lè m ap anseye?

### POZE KESYON POU FÈ SUIVI

Lè yon moun pataje yon ide doktrinal oswa yon eksperyans espirityèl, ou gen dwa santi ke moun sa a—oswa yon lòt moun nan klas la—gen plis pou pataje. Kesyon pou fè suivi yo kapab mennen kòmantè adisyonèl e mennen nan plis ide apwofondi. Paregzanp, ou gen dwa mande, “Poukisa

prensip sa a enpòtan pou ou?” oubyen “Ki lòt pasaj ekriti ki anseye verite sa a?”

**Kesyon pou medite.** Kijan m ka ankouraje moun m ap anseye yo pou yo panse pi plis sou prensip y ap diskite yo?

**Egzanp nan ekriti yo.** Ki fason Sovè a te enspire disip li yo pou yo panse pi pwofondeman sou ansèyman l yo? (Gade, paregzanp, Lik 24:13–32; Jan 21:15–18).

📺 Gade videyo “Poze kesyon pou fè suivi” a tou (LDS.org).

### KOUTE

Koute se yon zak lanmou. Sa mande pou nou plis sousye de sa ki nan kè yon lòt moun pase sa ki nan pwochen ajanda nou oswa pwochen plan leson

nou an. Mande Pè Selès la pou ede w konprann sa manm klas ou yo ap di. Si w pote bon jan atansyon a mesaj yo di ak sa yo pa di yo, w ap vin pi byen konprann bezwen yo, sousi yo, ak dezi yo. Lespri a ap ede w konn kijan pou w anseye yo, ki kesyon pou w poze pou suivi, ak kijan pou w ede yo reponn bezwen sa yo.

**Kesyon pou medite.** Kijan m ka konnen si yon moun ap koute m? Kijan m ka montre manm klas yo ke m sensèman ap koute yo?

**Egzanp nan ekriti yo.** Kisa Alma te aprann nan koute pòv Zoramit yo? (gade Alma 32:4–8). Ki fason sa l te aprann yo te enfluyans ansèyman l yo?

Gade *Preche Levanjil Mwen an tou* [2004], 185–86.

## POU MOUN K AP DIRIJE DISKISYON AN

### **Pataje ak konseye ansanm.**

Kòmans pa mande enstriktè yo pou yo pataje kèk eksperyans ansèyman epi poze kesyon ki anrapò avèk anseye.

**Aprann ansanm.** Envite enstriktè yo pou yo diskite sou youn oubyen plis

nan ide yo ki nan seksyon sa a. Pa eseye kouvri tout bagay nan yon sèl reyinyon.

**Pratike.** Envite yon enstriktè pou l fè pratik sou dirije gwoup la nan yon brèf diskisyon sou yon prensip levanjil li pral anseye byento. Ankouraje enstriktè a pou l aplike ide yo ki

nan seksyon sa a (videyo yo sigjere yo kapab itil). Apresa, enstriktè yo gen dwa pale sou sa ki byen pase yo ak sa ki ta ka amelyore yo.

**Prepare.** Deside ansanm sou yon sijè pou pwochen reyinyon an, epi mande enstriktè yo pou prepare yo.

## Envite moun k ap aprann yo pou yo aji

Sovè a te anseye pou l te ka chanje lavi. Li te vle disip li yo fè plis pase jis koute pawòl li yo, konsa, li te envite yo pou yo aji ak lafwa selon ansèyman l yo. Li te konnen ke si disip li yo te viv doktrin li te anseye yo a, yo t ap vin konnen ke se nan Bondye li soti (gade Jan 7:17). Ansèyman l yo t ap yon pwoteksyon pou yo nan moman toumant, konfizyon, ak advèsite (gade Matye 7:24–27). Sonje ke bati lafwa epi vin pi sanble ak Kris la pa fèt nan jis yon brèf peryòd klas. Si w envite moun w ap anseye yo pou yo aji selon vrè doktrin nan, w ap ede yo pwolonje eksperyans aprantisaj la lakay yo ak nan lavi kotidyèn yo (gade D&A 43:8–10).

### LANSE ENVITASYON KI RESPEKTE LIBABIT

Moun yo ka pi plis opere chanjman siyifikan nan lavi yo lè chanjman sa yo soti nan egzès pwòp libabit yo. Lè w lanse yon envitasyon pou aji, asire ke w respekte libabit moun w ap anseye yo. Paregzanp, olye w toujou lanse envitasyon pou yo fè yon bagay espesifik, panse pou w pwopoze manm klas yo pou yo panse sou fason yo ta ka aplike sa yo aprann yo. Ou gen dwa di, “Kijan nou kapab fòtifye relasyon nou avèk frè n ak sè nou?” oubyen “Ekri yon enpresyon espiyèl nou te resevwa ak ki fason nou te aji selon li.”

**Kesyon pou medite.** Nan ki okazyon yon envitasyon nan men yon enstriktè te ede m egzès libabit mwen?

**Egzanp nan ekriti yo.** Apre l te fin rakonte parabòl Bon Samariten an, Sovè a te di, “Ale, epi fè menm bagay la tou” (Lik 10:37). Kisa m aprann nan envitasyon sa a ak nan lòt envitasyon Sovè a bay yo?

### TEMWAYE KONSÈNAN BENE-DIKSYON YO PWOMÈT YO

Lè Senyè a bay yon kòmandman, li souvan pwomèt benediksyon si yo respekte kòmandman sa a. Lè w lanse yon envitasyon pou viv yon sèten prensip, ede manm klas yo dekouvi benediksyon Bondye pwomèt moun ki viv prensip sa a. Ou gen dwa rann temwayaj ou sou benediksyon ou te resevwa nan viv prensip la tou.

**Kesyon pou medite.** Kilè m te jwenn enspirasyon pou m te viv yon prensip levanjil nan koute yon temwayaj sou benediksyon yo pwomèt yo?

**Egzanp nan ekriti yo.** Kijan Sovè a te itilize pwomès yo pou motive disip li yo? (gade Lik 12:22–31).

### FÈ SUIVI SOU ENVITASYON POU AJI YO

Lè w fè suivi sou yon envitasyon pou aji, ou montre manm klas yo ke ou sousye pou yo ak kijan levanjil la se benediksyon nan lavi yo. Epi ou ba yo opòtinite pou pataje eksperyans yo, sa k ap fòtifye angajman yo e pèmèt yo youn soutni lòt nan viv levanjil la. Gen anpil fason pou fè suivi sou

envitasyon yo. Paregzanp, ou gen dwa bay tan nan kòmansman klas la pou manm klas yo pataje sa yo te fè pou aji sou yon envitasyon. Oubyen ou gen dwa fè suivi nan voye on mesaj tèks oswa yon imel bayo.

Si w pataje yon tach pou anseye avèk yon lòt enstriktè epi ou anseye chak de semèn, li gen dwa nesès pou kowòdone efò ou pou fè suivi yo. Paregzanp, ou gen dwa pwopoze pou kòmans leson an avèk suivi sou nenpòt envitasyon lòt enstriktè a te bay nan semèn anvan an, epi ou ka mande lòt enstriktè a pou l fè menm bagay la tou. Oubyen li gen dwa pi apwopriye pou yon manm nan yon prezidans oksilyè, oswa kowòm, oswa prezidans klas la lanse envitasyon yo epi fè suivi sou yo.

**Kesyon pou medite.** Poukisa li enpòtan pou fè suivi sou envitasyon pou aji yo?

**Egzanp nan ekriti yo.** Sovè a te konn reyini avèk Apot li yo pou yo te ka di l sa yo te fè ak sa yo te anseye (gade Mak 6:30). Kijan m ka fè suivi sou envitasyon pou aji yo?

## POU MOUN K AP DIRIJE DISKISYON AN

### **Pataje ak konseye ansanm.**

Kòmans pa mande enstriktè yo pou yo pataje kèk eksperyans ansèyman epi poze kesyon ki anrapò avèk anseye.

**Aprann ansanm.** Envite enstriktè yo pou yo diskite sou youn oubyen

plis nan ide yo ki nan seksyon sa a. Panse pou nou gade epi diskite sou videyo “Envite nou pou n aji” a (LDS.org). ▶

**Pratike.** Envite enstriktè yo pou yo panse sou pwòchèn opòtinite pou anseye yo epi ekri envitasyon posib

yo ka lanse an fonksyon laj manm klas yo. Ankouraje yo pou youn pataje sa yo te ekri yo ak lòt epi pou youn bay lòt kòmantè yo.

**Prepare.** Deside ansanm sou youn sijè pou pwòchèn reyinyon an, epi mande enstriktè yo pou prepare yo.

## Soutni aprantisaj levanjil la nan fwaye a

Youn nan objektif ou antanke enstriktè ta dwe pou ankouraje moun w ap anseye yo pou yo viv pwòp eksperyans pa yo avèk ekriti yo—endividyèlman epi avèk fanmi yo. Osi efikas tan nan klas ou a ka ye, li pa ka ranplase etid ekriti pèsònèl ak famiyal la—kote Lespri a ka anseye moun yo pèsònèlman an. Nan plizyè fason, siksè ou antanke enstriktè depann sou efikasite w pou ede ak ankouraje manm klas ou yo aprann pou tèt pa yo.

### ANKOURAJE ETID LEVANJIL PÈSONÈL AK FAMILYAL

Pandan ke klas jou Dimanch ou a pa dwe kad prensipal kote manm klas yo aprann levanjil la, li ta dwe yon lye kote yo resevwa ankourajman ak enspirasyon pou etidye levanjil la poukont yo epi avèk fanmi yo.

Gen anpil fason ou ka ankouraje etid pèsònèl ak famiyal nan fwaye a. Yon enstriktè Doktrin Levanjil te deside pou l rezève premye minit nan chak lesyon yo pou manm klas yo te pataje tout sa ki te enspire yo nan etid ekriti pèsònèl ak famiyal yo. Toudabò se sèlman kèk grenn moun ki te dispoze pou pataje. Men pandan enstriktè a te kontinye avèk bagay sa a, plis an plis manm klas la te kòmanse patisipe. Yon manm nan klas la te di, “Enstriktè nou an pa t mande nou pou n te li ekriti yo poutèt pou lesyon an te ka pi byen pase, li te envite nou pou n te li yo paske l te konnen sa t ap beni lavi nou. Epi, apre nou te fin wè ke sa Bondye te anseye nou nan ekriti yo te enpòtan pou li, sa te fè yon gwo diferans. Mwen

definitivman li ekriti yo avèk plis detèminasyon kounyeya.”

Yon lòt fason pou ankouraje etid ekriti pèsònèl ak famiyal se nan envite manm klas yo pou pataje yon bagay yo te aprann nan klas la avèk manm fanmi yo oswa zanmi yo.

**Kesyon pou medite.** Kisa m ka fè pou ankouraje manm klas yo etidye levanjil la poukont pa yo? Kijan m ka fè sa si m ap anseye jèn timoun?

**Egzanp nan ekriti yo.** Kisa ki enpresyone m nan pawòl Nefi yo ki nan 1 Nefi 15:23–25 la? Kijan m ka suiv egzanp li nan ansèyman mwen?

### EDE MANM KLAS YO POU YOUN SIPÒTE LÒT

Gen kèk moun ki pa li ekriti yo lakay yo paske yo panse ke etid ekriti yo twò difisil. Gen lòt ki gen dwa pa klèman konprann benediksyon ki soti nan aprantisaj levanjil la nan fwaye a. Ou ka ede yo simonte obstak sa yo nan kreye yon anviwonman nan klas la kote manm klas yo youn ka sipòte ak

ankouraje lòt epi kote yo santi yo alèz pou pataje ide ak eksperyans ki itil.

Nan yon klas Doktrin Levanjil kote yo t ap etidye Ansyen Testaman an, yon granmoun gason te di konbyen l te santi l enève nan eseye konprann liv Ezayi a. Enstriktè a te remèsye li pou kòmantè onèt li a epi l te mande rès klas la ki konsèy yo te ka bay. Plizyè manm nan klas la te pataje estrateji pou etidye ekriti yo ak eksperyans enspirasyon yo te viv nan etidye pawòl Ezayi yo. Yon manm klas la te di “Nou tout te antoure frè sa a. Te gen yon espri inite etonan nan sal la. Nou te vrèman santi ke nou tout ansanm te konsène.”

**Kesyon pou medite.** Kisa m ka fè pou motive klas mwen an pou pataje ide sou fason pou viv eksperyans siyifikan avèk ekriti yo?

**Egzanp nan ekriti yo.** Kisa sa vle di “tout moun [kapab] edifye akòz tout moun”? (D&A 88:122). Kijan m ka ankouraje manm klas yo pou yo gen dezi pou youn edifye lòt pandan diskisyon yo nan klas la?

## POU MOUN K AP DIRIJE DISKISYON AN

### **Pataje ak konseye ansanm.**

Kòmanse pa mande enstriktè yo pou yo pataje kèk eksperyans ansèyman epi poze kesyon ki anrapò avèk ansenye.

**Aprann ansanm.** Envite enstriktè yo pou yo diskite sou youn oubyen plis nan ide yo ki nan seksyon sa a.

**Envite.** Envite enstriktè yo pou yo bay tan nan pwochen lesyon yo pou manm klas yo kapab pataje sa yo te aprann lakay yo. Nan yon pwochen reyinyon enstriktè, mande enstriktè sa yo pou pataje eksperyans yo. Envite yo pou yo pataje lòt konsèy

sou fason pou soutni manm klas yo nan efò yo pou aprann levanjil la lakay yo.

**Prepare.** Deside ansanm sou youn sijè pou pwochen reyinyon an, epi mande enstriktè yo pou prepare yo.



## Vin yon enstriktè nan fason Kris la: Yon evalyasyon pèsònèl

Apot Pòl te ankouraje Sen yo nan epòk li a pou yo “egzamine tèt nou, nou menm, pou nou wè si nou nan lafwa a” (2 Korentyen 13:5). Antanke enstriktè, nou menm tou nou dwe evalye fòs nou ak feblès nou pou nou ka toujou amelyore nan kapasite nou pou ede manm klas nou yo bati lafwa nan Jezikri ak vin plis menm jan avèk li. Nan efò pou w chèche amelyore tèt ou a, sonje pwomès Senyè a: “Poutèt ou te wè feblès ou, w ap vin tèlman fò” (Etè 12:37). Se pou w gen pasyans avèk tèt ou, epi chèche pouvwa fòtifyan Sovè a pou w ka vin kalite enstriktè li konnen ou kapab ye a.

Aktivite sa a kapab ede w aplike prensip pou anseye tankou Kris yo. Li chak deklarasyon ki anba la a, epi mande tèt ou konbyen li dekri w antanke enstriktè. Chwazi repons ki pi apwopriye a pou yo chak:

1 = raman 2 = pafwa 3 = souvan 4 = prèske toujou

Après, selon enspirasyon Lespri a, nan yon espri lapriyè, chwazi kèk bagay ou ta renmen amelyore. Fikse kèk bi, epi itilize seksyon yo nan manyèl sa a pou ede w amelyore. Retounen nan aktivite sa a tanzantan pou evalye pwogrè ou.

### RENMEN MOUN W AP ANSEYE YO

- \_\_\_ Mwen priye pou moun m ap anseye yo.
- \_\_\_ Mwen eksprime lanmou m pou moun m ap anseye yo.
- \_\_\_ Mwen konprann bezwen ak eksperyans moun m ap anseye yo.
- \_\_\_ Lè m ap prepare m pou m anseye, mwen konsantre plis sou moun m ap anseye yo pase sou fè yon prezantasyon.
- \_\_\_ Si Lespri a pouse m, mwen modifiye plan m yo pou m ka reponn kesyon ak bezwen manm klas yo olye ke m eseye kouvri tout sa m te prepare yo.

\_\_\_ Mwen lonje lamèn bay moun ki pa vini yo nan klas la.


### ANSEYE PA LESPRI

- \_\_\_ Mwen priye pou gidans Lespri a nan lavi m ak nan efò mwen antanke enstriktè.
  - \_\_\_ Mwen eseye viv diy pou m ka gen konpayi Sentespri a.
  - \_\_\_ Mwen koute enspirasyon espi-tyèl yo lè m ap prepare leson an ak lè m ap anseye, epi mwen egzèse lafwa m pou m ajiste plan m yo an konsekans.
  - \_\_\_ Mwen rann temwayaj mwen pou moun m ap anseye yo.
  - \_\_\_ Mwen ede moun m ap anseye yo rekonèt enfluyans Lespri a.
  - \_\_\_ Mwen kòmanse prepare m omwen yon semèn alavans, epi m ekri enpresyon espi-tyèl mwen resevwa yo.
  - \_\_\_ Atmosfè ki nan klas mwen an envite Lespri.
- ### ANSEYE DOKTRIN NAN
- \_\_\_ Ansèyman m yo santre sou ekriti yo ak sou pawòl pwofèt dènye jou yo.
  - \_\_\_ Lè sa apwopriye, mwen itilize istwa, mizik, èd vizyèl, ak lòt resous apwopriye pou ede moun m ap anseye yo konprann doktrin nan.

\_\_\_ Lè kesyon difisil yo leve, mwen reponn nan fason ki bati lafwa.

### ENVITE APRANTISAJ DILIJAN

- \_\_\_ Mwen ede moun m ap anseye yo vin pran responsablite pwòp aprantisaj pa yo.
- \_\_\_ Mwen poze kesyon ki ankouraje refleksyon.
- \_\_\_ Mwen envite manm klas yo pou yo pataje ide yo ak temwayaj yo ak pou youn fòtifye lòt.
- \_\_\_ Mwen poze kesyon pou fè suivi pou ankouraje manm klas yo panse plis sou prensip levanjil yo.
- \_\_\_ Mwen ede manm klas yo jwenn repons pou kesyon yo, olye ke m reponn tout kesyon yo pou yo.
- \_\_\_ Mwen bay opòtinite pou tout manm klas yo patisipe nan diskisyon yo.
- \_\_\_ Mwen envite manm klas yo pou yo aji sou sa yo aprann yo, selon jan Lespri a gide yo.
- \_\_\_ Mwen fè suivi sou envitasyon pou aji yo, epi m mande manm klas yo pou yo pataje eksperyans yo.
- \_\_\_ Mwen ankouraje manm klas yo pou yo etidye ekriti yo pèsònèlman epi ansanm ak fanmi yo.



“Epi, si lèzòm vin jwenn mwen, m ap montre yo feblès yo. M bay lèzòm feblès pou yo kapab gen imilite; epi lagras mwen ase pou tout moun ki gen imilite devan m; paske, si yo gen imilite devan m, epi yo gen lafwa nan mwen, lè sa a m ap fè bagay ki fèb vin fò pou yo” (Etè 12:27).

## Fòmasyon nouvo enstriktè yo: Yon responsablite dirijan Prètriz ak Oksilyè yo

Si w se yon dirijan prètriz oswa yon dirijan oksilyè, ou gen responsablite pou “rankontre nouvo enstriktè yo fèk aple nan òganizasyon [w] yo endividyèlman, de preferans anvan premye leson chak enstriktè” (*Manyèl 2: Administrasyon Legliz la* [2010], 5.5.3). Reyinyon sa yo se yon okazyon pou w prezante nouvo enstriktè yo apèl sakre yo a ak pou bayo yon vizyon sou sa savledi pou anseye nan fason Sovè a. Antanke dirijan, ou ka ede nouvo enstriktè yo prepare pou yo sèvi nan fè bagay sa yo:

### DISKITE KISA SA VLEDI POU ANSEYE NAN FASON SOVÈ A

Pou ede nouvo enstriktè a konprann kijan Sovè a te anseye ak kisa sa vledi pou enstriktè yo, brèfman diskite prensip sa yo avèk nouvo enstriktè a:

■ *Renmen moun w ap anseye yo.* Ede nouvo enstriktè a konsantre sou bezwen moun l ap anseye yo. Envite li pou l chèche kalite yo ak bezwen patikilye yo. Si nesèsè, ba l yon lis manm klas yo. Raple nouvo enstriktè a ke l gen responsablite pou ede moun nan klas li yo ki pa vini regilyèman yo. Ankouraje li pou ke nan lapriyè li chèche mwayen pou lonje lamèn bay moun sa yo.

■ *Anseye pa Lespri.* Diskite sou enpòtans pou prepare tèt li espiyèlman pou anseye. Paske enspirasyon Sentespri yo vini liy apre liy, ankouraje nouvo enstriktè a pou l kòmanse prepare l pou anseye omwen yon semèn alavans epi pou l chèche enspirasyon pandan tout semèn nan.

■ *Anseye doktrin nan.* Rann temwayaj ou sou pouvwa pawòl Bondye a genyen pou chanje kè moun. Envite

nouvo enstriktè a pou l edite ekriti yo ak pawòl pwofèt vivan yo sou sijè li genyen pou anseye yo anvan l konsilte tout lòt dokimantasyon siplemantè. Ankouraje li pou l ekri enpresyon espiyèl li resevwa pandan l ap etidye yo ak pou l konsantre sou prensip ak resous k ap bati lafwa ak akouraje moun yo mennen yon lavi kretyen.

■ *Envite aprantisaj dilijan.* Ede nouvo enstriktè a konprann ke anseye vledi plis pase jis fè yon prezantasyon; sa vledi ankouraje moun yo pou yo vin responsab pou pwòp aprantisaj yo nan levanjil la ak pou youn edifye lòt antanke moun k ap aprann levanjil la (gade D&A 88:122).

### DISKITE SOU ÒGANIZASYON W LAN AN PATIKILYE

Anplis diskite sou prensip jeneral ki pèmèt pou anseye nan fason Kris la, ou gen dwa pran tan pou pale avèk nouvo enstriktè a sou nenpòt bagay ki ka itil pou òganizasyon w lan. Èske gen bezwen nou te diskite antanke prezidans ke w ta renmen nouvo enstriktè yo konnen? Paregzanp, si yon prezidans kowòm ansyen te santi

l enspire pou mete aksan sou inite kowòm nan, ki fason enstriktè kowòm yo ka soutni bi sa a? Si evèk la te mande konsèy pawas la pou l amelyore reverans nan pawas la, ki fason enstriktè Primè yo ka ede?

Si nesèsè, di nouvo enstriktè a nan ki sal pou l anseye ak ki leson pou l kòmanse anseye, epi ba l tout enfòmasyon li ka bezwen osijè klas la ak manm ki nan klas la.

### OFRI YON SIPÒ KONTINYÈL

Eksplike ke w ka ede nouvo enstriktè a nan apèl li a nan tout kalite fason epi ou ka ba li sipò nan klas la si nesèsè. Ou gen dwa menm ofri pou w vin obsève klas li a tanzantan epi wa ba l kòmantè ou. Bay enstriktè a yon kopi manyèl sa a epi eksplike l kilè reyinyon konsèy enstriktè yo fèt. Eksplike l objektif reyinyon sa yo ak espwa ou ke l ap asiste ladan yo.

Ankouraje nouvo enstriktè a pou vizite seksyon “Apèl mwèn” an nan LDS.org ak app Libreri Levanjil la pou plis enfòmasyon sou fason pou l pwogrese antanke enstriktè.



“Menm manm ki pi nouvo nan Legliz la kapab santi ke yon apèl pou sèvi dwe avan tou yon zafè kè. Se nan bay Mèt la kè nou toutantye ak nan respekte kòmandman l yo ke n ap vin konnen li. . . . Sa [moun ki aple pou sèvi yo] bezwen, menm plis pase fòme yo pou tach yo a, se wè avèk je espiyèl yo kisa sa vledi pou yo aple yo pou sèvi nan

Legliz retabli Jezikri a” (Henry B. Eyring, “Rise to Your Call,” *Ensign* oswa *Liahona*, Nov. 2002, 75).



LEGLIZ  
JEZIKRI  
POU SEN  
DÈNYE JOU YO

